ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№15-16 (23.424) ● 2017 гъэм щIышылэм (январым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Попович В.И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Попович Виктор Иван и къуэм** - «Ай-Би-Си Промстрой» трест» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм щIышылэм и 26-м*
*№6-УГ*

**Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа УказымкIэ Попович В. И. иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр**



Попович Виктор Иван и къуэр 1937 гъэм Украинэ ССР-м щыщ Рогозов къуажэм къыщалъхуащ. 1957 гъэм Киев дэт Горнэ техникумыр къиухащ

Къэзахъ ССР-м щыIэ «Карагандажилстрой» трестым и ухуакIуэ управленэ №1-м лэжьэн щыщIидзащ. 1977 гъэм и гъатхэпэ мазэм «Къэббалъкъпромстрой» трестым и унафэщIу ягъэуващ. 1993 гъэм «Ай-Би-Си Промстрой» трест» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэр къызэригъэпэщащ, абы и генеральнэ директору лэжьащ, 2012 гъэм щыщIэдзауэ а трестым и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ хъуащ.

УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я ухуакIуэщ. «ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь», «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденхэр, КъБАССР-м и ЩIыхь тхылъыр къратащ.

**Бозий Н. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэным куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъум.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм щIышылэм и 26-м*
*№7-УГ*

**Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкIыу КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа УказымкIэ КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу Бозий Н. М. иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр**



Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр Аруан районым щыщ Псыгуэнсу къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и инженер-ухуакIуэ факультетымрэ Ростов дэта парт школ нэхъыщхьэмрэ къиухащ.

1972 гъэм Аруан МПМК-м мастеру лэжьэн щыщIидзащ, иужькIэ инженер нэхъыщхьэ, IуэхущIапIэм и унафэщI хъуащ. 1980 гъэм щыщIэдзауэ парт органхэм щылэжьащ. 1992 гъэм Аруан районым и администрацэм и Iэтащхьэу ягъэуващ. 1998 гъэм щегъэжьауэ 2003 гъэм нэсыху КъБР-м ухуэныгъэмкIэ и министрщ. КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ хэхыгъуэм и депутату, КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ хэхыгъуэхэм я депутату, КъБР-м и Парламентым и ещанэ, еплIанэ, етхуанэ хэхыгъуэхэм я вице-спикеру щытащ. 2016 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъуу ягъэуващ.

«Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Парламентаризмэм зегъэужьынымкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ» щIыхь дамыгъэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр, «Парламентаризмэм зегъэужьынымкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ» УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и щIыхь дамыгъэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ, КъБР-м, КъБР-м и Парламентым я щIыхь тхылъхэр, УФ-м къэзыпщытэ-къэзыбж и органхэм я ассоциацэм и ЩIыхь тхылъыр, «УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» дамыгъэр къратащ, «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

## Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIэну Залиханов Къанщобий и пщэ иралъхьащ



Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым дыгъуасэ иригъэкIуэкIа сессием район администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэу щыхахащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэу щыта Залиханов Къанщобий.

А махуэ дыдэм депутатхэм Залиханов Къ. Хь. и пщэ далъхьащ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIэну.

Муниципалитетым и унафэщIу щыта Уянаев Казым езыр къэлъаIуэри и къулыкъум нэхъ япэкIэ трагъэкIащ, нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу.

Залиханов Къанщобий Хьэжы-Уэсмэн и къуэр КъБАССР-м щыщ Шэджэм районым хыхьэ Яныкъуей къуажэм 1961 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ. 1994 гъэм щыщIэдзауэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгъащ. Къэрал наградэхэр иIэщ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

ЗэIущIэхэр ■ Шыхулъагъуэ
КЪЭБЭРДЕЙ
Адыгъэ лъагъуэжьхэр ■ Малъхъэдис

● КъБР-м и Правительствэм

# Къалэ кIуэцIым ущызекIуэну нэхъ тынш хъунущ



**<u>КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм зи чэзу зэIущIэ щригъэкIуэкIащ Налшык къалэ кIуэцIым щыIэ гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ.</u>**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, «РЖД» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Карагудин Игорь**, КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къудей Арсен**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, Iуэхум иужь ит къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым **КIуэкIуэ Юрий** жиIащ гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм епха гугъуехьхэр нобэ ягъэзэкIуэжын хуей зэрыхъур, цIыхухэм зэран яхуэмыхъуу, ар къэзыгъэсэбэп хьэрычэтыщIэ закъуэтIакъуэми я Iуэху дэкIынымкIэ сэбэп хъууэ къалэ кIуэцIыр зыхуей зэрыхуэгъэзапхъэр.

ЗэIущIэм нэхъыбэу зи гугъу щащIар «Налшык» гъущI гъуэгу станцым и 20-нэ зэрызекIуэ гъуэгур зэхуэщIынымкIэ щыIэ Унафэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ абы и пIэ ирагъэувэну автомобиль гъуэгущIэр зэраухуэнымрэщ. КIуэкIуэм зэрыжиIамкIэ, ар зэфIагъэкIмэ, Налшык къалэкум щызэтрихьэ машинэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъунущ, къищынэмыщIауэ, Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым кIуэцIрыкI гъущI гъуэгу лъагъуэхэри Iуахыжыфынущ, уэрамым телъ лъэмыжми хуеижынукъым, абы и гъунэгъу щIыпIэр яхуэгъэдэхэнущ, иджырей зэманым декIу, ди цIыхухэм я дежкIэ гугъуехь зыпымылъ гъуэгу ящIынущ.

- Гугъущ нобэ гъуэгу бухуэну, ауэ, хьэрш аэродрому щыщымыткIэ, дэ ар тхузэфIэкIын хуейщ. Къапщтэмэ, апхуэдэ Iэмал дызэриIэр деужьэрэкIыу къэдгъэсэбэпыпхъэщ. Iуэхур къехьэжьэныр, абы зи гуащIэ хэзылъхьэн хуейхэр къешэлIэныр, тхылъымпIэхэр гъэхьэзырыныр арат нэхъ гугъури, ар зэфIэдгъэкIащ, Урысейм и къулыкъущIапIэ щэ никъуэм щIигъу арэзы къыддэхъури, къыткъуэуващ. Къэнэжыр IэщIагъэлIхэр къешэлIауэ Iуэхум пэрыхьэн хуейуэ араущи, си гугъэщ ар фхузэфIэкIыну, - жиIащ КIуэкIуэм.

Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ федеральнэ центрым, «РЖД» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ къудамэм щыIэ къулыкъущIэхэм икIи Налшык къалэ администрацэм игъэхьэзыра проектым къыщыгъэлъэгъуа пIалъэхэр нэхъ ягъэмащIэу, Iуэхур нэхъ псынщIэу зэрызэфIэкIыным иужь итыну яжриIащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Сенатор Ульбашев Мухьэрбий республикэм и депутатхэр щыгъуазэ ищIащ 2016 гъэм Парламентым и Ипщэ палатэм щригъэкIуэкIа лэжьыгъэм

КъБР-м и къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI) органым къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Ульбашев Мухьэрбий КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я пащхьэ ирилъхьащ 2016 гъэм Парламентым и Ипщэ палатэм езым щригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа информацэр.

Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм адэкIэ пащащ къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хуэунэтIа хабзэ мардэхэр зэтегъэувэнымкIэ лэжьыгъэм. Ульбашев М. М. къыхигъэщхьэхукIащ Бюджет зэпыщIэныгъэхэм я IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымкIэ лъэныкъуищым я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэм сэбэпынагъыщхуэ зыпылъ лэжьыгъэ зэрыригъэкIуэкIар.

2017 гъэм нэхъ зэгугъупхъэхэм ящыщу абы къыхигъэщхьэхукIащ УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм я зэпIэзэрытыныгъэр хъумэным, полномочиехэр зэрызэхуагуэшыр гъэтэмэмыным хуэгъэза Iуэхухэр.

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа УказымкIэ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр и къулыкъум тригъэкIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ къыдигъэкIа УказымкIэ, нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу, и къулыкъум тригъэкIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор**

Тутыкъу А. М. министерствэм и унафэщIу лэжьащ 2012 гъэм и дыгъэгъазэ лъандэрэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэпкърах

● Дыгъуасэ

**<u>КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэр зэIузэпэщ зэращIыну Iуэхумрэ Налшык къалэ дэт Сабий аттракционыр зэхъуэкIын зэрыхуеймрэ.</u>**

- ЗЭРЫФЩIЭЩИ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и жэрдэм зыхэлъ «Къалэхэр зэIузэпэщ щIын» программэм хыхьэу, 2017 гъэм ди къалащхьэр едгъэфIэкIуэным тедгъэкIуэдэну сом мелуани 170-м щIигъу къэралым тхухихащ. Иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэр - а ахъшэр тэмэму къэдгъэсэбэпынырщ. Гулъытэ хуэщIын хуейщ республикэм щыпсэухэм я Iуэху еплъыкIэми, - жиIащ **КIуэкIуэ Юрий** зэIущIэр къыщызэIуихым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** къыхигъэщащ «Къалэхэр зэIузэпэщ щIын» программэм Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и ахъши - сом мелуан 15-рэ мини 118-рэ - зэрыхилъхьэнур. Мы зэманым Правительствэр йолэжь а Iуэхум папщIэ зыхуей хабзэхэмрэ тхылъхэмрэ гъэхьэзырыным. «Псом япэу дубзыхун хуейщ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэу егъэфIэкIуэн хуейуэ щыIэм я бжыгъэмрэ абыхэм щегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэмрэ», - жиIащ Мусуковым.

- «Къалэ узэщIа ухуэн» проектыр гъэзэщIэным хыхьэу, мы зэманым Налшык администрацэм лэжьыгъэ зыбжанэ егъэзащIэ. Псом хуэмыдэу, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэр къызыхуэтхэр къыдопщытэ: сабий джэгупIэхэр яIэ-ямыIэр, уэздыгъэ нэхукIэ, пхъэнкIий идзыпIэкIэ къызэрызэгъэпэщар, нэгъуэщIхэри. ЩIышылэм и 26-м ирихьэлIэу унэ 233-м я Iэгъуэблагъэр зыхуэдэр къэтпщытащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Налшык къалэ и Искож, Севернэ, Александровкэ хьэблэхэм а Iуэхур щызэфIэдгъэкIащ, - жиIащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алэкъей Арсен**.

КIуэкIуэ Юрий къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ программэр илъэситхум тещIыхьауэ зэрыщытыр. «Мы Iуэхум къэрал мыхьэнэ зэриIэм и мызакъуэу, ар цIыхубэм зэратещIыхьар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. УнафэщIхэр дызыхуейракъым зэфIэдгъэкIын хуейр, атIэ цIыхухэм я тыншыгъуэр, ахэр зыщIэхъуэпсхэр къэлъытауэ делэжьыпхъэщ. IэхъуэгъуэтегъэкIыу Iуэхум дыбгъэдыхьэ хъунукъым. Дэтхэнэ зы сомри зыхуей хуэзауэ къэдгъэсэбэпын хуейщ», - дыщIигъуащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Юрий республикэ унафэщIхэм пщэрылъ ящищIащ программэм епхауэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэмкIэ жэуап зыхьхэр яубзыхуну.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм КIуэкIуэ Юрий къыщытеувыIащ Налшык къалэ дэт Сабий аттракционыр зэрахъуэкIыну игъуэ зэрыхъуам. «Сабий аттракционыр жьы дыдэ хъуащ. Ар зэдмыхъуэкIынкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ ди сабийхэм я узыншагъэм дыхуэсакъыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

Алэкъей Арсен жиIащ Налшык къалэ дэт Сабий аттракционыр 1956 гъэм къызэIуахауэ зэрыщытар, мы зэманым абы дэт аттракцион 24-м щыщу 3-р зэрымылэжьэжыр. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм деж абы цIыху мин 50-м нэблагъэ къокIуалIэ. «ЗыгъэпсэхупIэм дэт аттракционхэр зэман зэхуэмыдэхэм ягъэуващ. Псалъэм папщIэ, зыр 1967 гъэм, 6-р - 1990 гъэхэм къащэхуащ. Иужьрей аттракционхэр 2000 - 2010 гъэхэм къриубыдэу къашащ. Куэдыр зэрылэжьапхъэ пIалъэр блэкIащи, ахэр зэгъэпэщыжыным нэхъыбэ токIуадэ, - къыхигъэщащ Алэкъейм. Абы дыщIигъуащ Сабий аттракционым щегъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэхэм инвесторхэр къешэлIэным мы зэманым иужь зэритыр.

КIуэкIуэ Юрий зэIущIэр щызэхуищIыжым жиIащ сабий зыгъэпсэхупIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр мы илъэсым иIэну зэрыщыгугъыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**





# Гулъытэ нэхъыщхьэ хуэщIыпхъэщ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр, хьэлъэ дыдэхэр зэхэгъэкIыным

### КIуэкIуэ Ю. А. хэтащ УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм 2016 гъэм кърикIуахэм ятеухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм

Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм и коллегием и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм республикэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ мыпхуэдэ Iуэхухэм:

«БлэкIа илъэсым зэкIэлъыкIуэу Iуэху куэд зэфIагъэкIащ терроризмэм и шынагъуэр къэгъэтIэсхъэным, щэхурылажьэ бандэ гупхэм хэтхэмрэ абыхэм я Iэтащхьэхэмрэ, апхуэдэ гупхэм ядэIэпыкъухэр, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм хэту зауэхэр уголовнэ жэуапым ешэлIэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэ лэжьыгъэм адэкIи пыщэн икIи зегъэубгъун хуейщ»;

«Хабзэхъумэ орган псоми къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я щIэпхъаджагъэхэр и зэманым къыщIэгъэщынымрэ ахэр къызэпыудынымрэ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм ящыщ дэтхэнэри къызыхэкIар, ахэр зылэжьахэм къагъэсэбэпа Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ убзыхун икIи а псори къызэнэкIынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр лэжьын хуейщ. ЩIэпхъаджагъэхэр къэдмыгъэхъун, ахэр хэмыужьынэ щIыкIэ къызэпыдудын щытхузэфIэкIынур следствием и лэжьыгъэр нэхъри нэхъ кууэ егупсысауэ къызэригъэпэщмэщ»;

«Иужьрей илъэсищым къриубыдэу цIыху 19-р зыукIахэр къахуэгъуэтакъым. А щIэпхъаджагъэхэм яхэтщ республикэм, къэралым щызэлъащIысахэр. Апхуэдэ лэжьыгъэр тэмэму егъэкIуэкIыныр зэлъытар следствиер ерыщу, IэкIуэлъакIуэу къызэрызэрагъэпэщырщ, оперативнэ гупхэм я егугъуныгъэрщ»;

«КъыбгурымыIуэу укъегъэуIэбжь къулыкъущIэхэм зэхащIыхьа мыхъумыщIагъэхэмрэ коррупцэмрэ ятеухуа Iуэхухэр яхузэхэмыгъэкIа хуэдэу къызэрызэтрагъэувыIэм»;

«Гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ бюджет ахъшэр щымыкIуэдыным зэрыщагъэкIуэдам, ар щIэпхъаджащIэ гупхэм зэрызэхадыгъуам теухуа Iуэхухэр псынщIэу икIи тэмэму зэхэгъэкIыным. Налог органхэм ящIыгъуу апхуэдэу зэман кIэщIым къриубыдэу икIи нэгъэсауэ зэхэгъэкIыпхъэщ налогхэм япыщIа хабзэншагъэхэр»;

«СледствиемкIэ управленэм хабзэншагъэхэм ятеухуауэ къаIэрыхьа хъыбархэм хэплъэныр кIыхьлIыхь щищI, ахэр учётым щримыгъэувэ, зыкIи къемызэгъыу уголовнэ Iуэхухэр щызэхуищIыж е ахэр къыщызэIуимых щыIэщ. Следствиер зэрекIуэкIын хуейуэ ягъэува пIалъэхэр къызэпауд. Нэгъабэ уголовнэ Iуэхуу тIу къэс ещанэр зэхэгъэкIыным мазитIым щIигъу трагъэкIуэдащ. А псоми зыхуэфащэ дерсхэр къыхахыну сыщогугъ»;

«Пэжыгъэ яхэлъу бизнесым и IэнатIэм бгъэдэт хьэрычэтыщIэхэм Iэмал нэхъыфIхэр къахузэгъэпэщыныр, гъэпцIагъэкIэ мылъку зэхуэзыхьэсыну хущIэкъухэр къызэтегъэувыIэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Апхуэдэу псоми сынывоlъэIу хабзэм тету лажьэ хьэрычэтыщIэхэм зэран яхуэхъу къэпщытакIуэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм зэхащIыхьхэр гулъытэншэу къэвмыгъэнэну»;

«Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ кадрхэр гъэхьэзырыныр. Дэ ди къалэнщ пэжыгъэ хэлъу лажьэ унафэщIхэр къызэщIэдгъэуIуэну, дэ езыхэр унагъуэми, гъащIэми, лэжьапIэми щапхъэу дыщыщытыну. Зи щIалэгъуэм дамэтелъ зытрилъхьамэ, абы псори и лъэгущIэту щытын хуейуэ занщIэу къыщIилъытэр сыт? Фэ фи лэжьэкIэрщ цIыхухэм властым и захуагъэр къызэралъытэр, ар зэи зыщывмыгъэгъупщэ».

Коллегием и зэIущIэм докладхэр щащIащ УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Устэ В. Хь.**, КъБР-м и прокурор **Жариков О. О.** сымэ.

Коллегием и зэIущIэм кърихьэлIащ УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Усов О. Л., къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Ромашкин И. К., Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Мэржэхъу М. Хь., УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Макитов М. Б.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



● КъБР-м и Парламентым

# Зи чэзу Iуэхухэм хоплъэ

**ЩIышылэм и 26-м екIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и гъатхэ сессием и япэ зэIущIэр. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. ЗэIущIэм унафэ зыбжанэ къыщащтащ, КъБР-м и Парламентым зи лIыкIуэ хэмыт политикэ парт зыбжанэм щыщхэр къыщыпсэлъащ.**

ПСОМ япэу зи гугъу ящIар Къэбэрдей-Балъкъэрым и хеящIэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэу хагъэхьэхэрщ. Апхуэдэу Ахъмэт Алим, Гугу Маринэ, Маликовэ Лидие, Мусуков Мурат, Хужьокъуэ Арсен, Щыхьмырзэ Хьэсэнбий, Юсупов Аслъэн сымэ КъБР-м и хеящIэ коллегием зэрыхагъэхьэмкIэ депутатхэм Iэ яIэтащ.

КъБР-м и Парламентым и депутат Бозий Натбий и къулыкъум зэрытекIыр жиIащ РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ**. Къызэхуэсахэм Iэ яIэта нэужь, псалъэ иратащ Бозийм:

- Сэ илъэс куэд щIауэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм сыпэрытщ. 1980 гъэ лъандэрэ республикэм щекIуэкI политикэ Iуэхухэм сыхэтщи, сызыдэлэжьа дэтхэнэ зыми фIыщIэ хузощI. Дэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэтхащ, зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыддэхъуащ. ЦIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэнырщ а псори щIэтщIэжри, жылагъуэр къытхуэарэзымэ, абы нэхъыфI щыIэкъым. ДяпэкIи цIыхухэм я псэукIэр евгъэфIакIуэу фылэжьэну си гуапэщ, - жиIащ **Бозий Натбий**, депутатхэм захуигъазэу.

АдэкIэ зэIущIэм унафэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъужыныгъэхэмрэ щыхалъхьащ. Псалъэм папщIэ, цIыхухэр транспорт IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным, КъБР-м и бюджетым и зэхэлъыкIэмрэ ар зэрызэгъэзэхуапхъэмрэ, нэгъуэщIхэми ехьэлIа хабзэхэми хэплъащ.

Гу лъытапхъэщ КъБР-м и Парламентым УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий «ЖКХ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» тхыгъэмкIэ зэрызыхуигъазэм. Ар теухуащ кхъахэ хъуа унэхэр 2020 гъэ пщIондэ зэхъуэкIын зэрыхуеймрэ абы щIэсхэм псэупIэ ятыным ехьэлIауэ щIын хуей унафэхэмрэ. Мы тхыгъэм ипкъ иткIэ, 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кхъахэу къалъыта унэхэм щыпсэу цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIын хуейщ. КъыхэгъэщыпхъэщУФ-м кхъахэ хъуа унэу метр зэбгъузэнатIэ мелуан 11,4-рэ зэритыр, абы щыпсэу цIыхухэр 2017 гъэм и фокIадэ мазэ пщIондэ псэупIэщIэ гъэIэпхъуэн хуейуэ къазэрыпэщытыр.

Иджыри зы Iуэхушхуэм щыхэплъащ зэхуэсым - КъБР-м и Парламентымрэ Дагъыстэн Республикэм и Жылагъуэ зэхуэсымрэ зэдэлэжьэну зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэм. А махуэ дыдэм Дагъыстэнми зэIущIэ щекIуэкIащ а Iуэхум теухуауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Парламентым зи лIыкIуэхэр хэмыт политикэ парти 6-м щыщхэр къэпсэлъащ. Абыхэм къагъэлъэгъуащ я лэжьыгъэр, я гупсысэ нэхъыщхьэр зытеухуар, зэфIагъэкIа Iуэхухэмрэ я мурадхэмрэ.

**ФЫРЭ Анфисэ**.



● КъБР-м и Правительствэм

# ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ махуэку кIуам иригъэкIуэкIащ.**

РЕСПУБЛИКЭ унафэщIхэр хэплъащ КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проект 17-м. Ахэр ятеухуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым, щэнхабзэм зэрызрагъэужьынум, мылъку зехьэным, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м щIы Iуэхухэмрэ мылъку зехьэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Уянаев Таймураз** зэIущIэм къыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщ IуэхущIапIэ зыбжанэ муниципальнэ районхэм зэрыратым теухуа проектым. Апхуэдэу Шэджэм къалэм и щIыпIэ администрацэм зыкъызэрыхуагъэзам тету, мэкъумэшым хухах щIым хыхьэ гектари 2,6-рэ промышленностым къыщагъэсэбэпыну хуиту зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, а щIыпIэм деж щащIынущ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэ. Прохладнэ районым и мылъкум хагъэхьащ Екатериноградскэ жылэм дэт, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэр.

КъБР-м ЩIы Iуэхухэмрэ мылъку зехьэнымкIэ и министерствэм утыку кърихьащ «Налшык автовокзал» IуэхущIапIэр «Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэм зэрыгуагъэхьэжым теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьэ унафэм и проектыр. Уянаевым зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр иригъэфIэкIуэнущ, цIыхухэм хуащIэ транспорт Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хигъэхъуэнущ.

Сатумрэ промышленностымкIэ министр Гуэбэшы Залымджэрий къеджащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым сатумрэ промышленностымрэ зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэм и Правительствэм и унафэм. Министрым къыхигъэщащ проектым «Этана» промышленнэ IуэхущIапIэр зэраухуэну Iыхьэ псори къызэрыщагъэлъэгъуар. IуэхущIапIэр 2020 гъэм ирихьэлIэу ухуэн яухынущ. Гуэбэшым къызэрыхигъэщамкIэ, проектым къыщалъытащ республикэм и экономикэм зэрызрагъэужьынур, IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырынур, промышленнэ предприятэр инженер, коммунальнэ сетхэм япыщIэнур, н.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ, зыхуэфащэ унафи щытращIыхьащ сату, экономикэ Iуэхухэм япыщIа IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм и щIыналъэхэм щиIэхэм. Апхуэдэ IуэхущIапIэ Москва къалэ къыщызэрагъэпэщащ, Курск, Калининград, Нижегородскэ областхэм щыIэхэр зэхуащIыжащ.

ЗэIущIэм щыдаIыгъащ республикэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ утыку кърахьа проект зыбжани. Республикэ унафэщIхэр арэзы техъуащ районхэм щылажьэ театрхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъун, архив Iуэхухэм зыщегъэужьын зэрыхуейм.

КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм, Лъэпкъ, дин IуэхухэмкIэ Правительствэ комиссэм, КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым я коллегиехэм хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

● Iуэху щхьэпэ

# Джэду Iэниуар сабийхэр хуегъасэ гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным

**Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа Джэду Iэниуар къалэ гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэным теухуа хабзэр сабийхэм къагуригъэIуащ икIи уэздыгъэм пэлыдыж кимонохэр тыгъэ яхуищIащ.**

«ГЪУЭГУР зэпыупщIыным пыщIа и гугъуехьхэр» урысейпсо социальнэ кампаниер щрагъэкIуэкIым, бэнэкIэ хуитымкIэ зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм дыжьын медалыр къыщызыхьа спортсмен цIэрыIуэр Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэмрэ къалэ школхэм я еджакIуэхэмрэ я гъусэу Налшык къалэ и уэрамхэм къыдыхьащ.

Джэду Iэниуар школакIуэхэм яхуиIуэтащ ныбжьыщIэхэм гъуэгум насыпыншагъэ къащыщымыщIын папщIэ зэрыщытыпхъэр, я гъащIэм, я узыншагъэм хуэсакъын зэрыхуейр. Спортсмен цIэрыIуэм гулъытэ хэха хуищIащ жэщым лъэсу къэзыкIухьхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъуным икIи Iуэху щхьэпэм хэтхэм уэздыгъэм пэлыдыж кимонохэр тыгъэ яхуищIащ.

ЯдригъэкIуэкIа дерсыр щIигъэбыдэжын папщIэ Джэдум сабийхэм яригъэлъэгъуащ автомобилыр зезыгъакIуэм гу зэрызылъебгъэтэну щIыкIэр, «КъэзыкIухь автобус» лъэс зекIуэм хэтащ икIи гъуэгум къыщыхъу къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм яхутепсэлъыхьащ.

ЗекIуэм и кIэухыу гъуэгу инспекторхэм щIагъэбыдэжащ сабийхэм дерсым щызэхахахэр, кампанием и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэхэр яIыгъыу сурэт зытрагъэхащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир**.



● ДифI догъэлъапIэ

# Къыхуэарэзымрэ и щытхъу жызыIэмрэ къахэхъуэ зэпытщ

**«Сыт хуэдэ дохутырри философу къэплъытэ хъунущ, медицинэр Iущыгъэ пхэмылъу къыпхуэгъэIурыщIэнукъыми», - жиIауэ щытащ Гиппократ. Абы лъандэрэ зэман мащIи дэкIыжа, а дохутыр цIэрыIуэм и тхьэрыIуэр мащIэм ята?! Ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми щыIащ икIи щыIэнущ сымаджэхэм яхуэгумыгъуэ дохутырхэр.**



ЦIЫХУР къыхуэарэзыуэ и IэнатIэр езыхьэкI дохутырхэм ящыщщ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ (Ислъэмей) къуажэ щыпсэу **Хъупэ (ХьэпащIэ) Мадинэ**. Ар 1959 гъэм Тэрч къалэ къыщалъхуащ. Курыт школыр ехъулIэныгъэ иIэу къиуха нэужь, куэдрэ мыгупсысэу КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щIэтIысхьащ.

- Ди унагъуэми ди благъэхэми дохутыр яхэттэкъыми, хуабжьу сехъуапсэрт а IэщIагъэр зэзгъэгъуэтыну. Си адэ-анэми ар къыщысхуагъэдахэм, сытегушхуащ. А зэманым нэгъуэщI IэщIагъэ сызэрыримылэжьэфынур сщIэрт, дохутыр сыхъуным апхуэдизкIэ сыхуэпабгъэрти, - жеIэ Мадинэ.

Медицинэ факультетыр къиуха иужь, абы интернатурэри къыпищащ. ИтIанэ Тэрч къалэ дэт поликлиникэм лэжьэн щыщIидзащ. Куэд дэмыкIыу, 1985 гъэм, унагъуэ ихьэри, Курп Ипщэ дэт амбулаторэм уващ. Дохутыр Iэщабэ-Iущабэм щIэх дыдэу къыдихьэхащ къуажэдэсхэр. Псалъэ гуапэкIи хущхъуэкIи цIыхухэм еIэзэ дохутырым къыхуэмыарэзыуэ къэнэнт?!

Дохутыр IэщIагъэм и щэху нэхъыбэм зыщигъэгъуэзэн папщIэ, 2006 гъэм Мадинэ Ставрополь щIыналъэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Курп Ипщэм пэгъунэгъу Инарыкъуей, Курп Ищхъэрэ къуажэхэм я дохутырым сабий ипIу зэрыщыс пIалъэм абы и пIэкIэ къуажэхэми щылэжьэну къелъэIуати, игъэщIэхъуакъым. Жэуаплыныгъэр нэхъыбэ хъуа щхьэкIэ, абы цIыхухэм яхуищIэ Iуэхутхьэбзэм и фIагъым зыкIи кIэричакъым, къыхуэарэзыхэмрэ и щытхъу жызыIэхэмрэ нэхъыбэ хъуащ армыхъумэ.

Хъупэ Мадинэ и Iуэху щIэкIэм, и лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэм а IэнатIэм гугъуехь гуэри хэлъу къыпщигъэхъуркъым, уеблэмэ урегъэхъуапсэ. Дэ, абы иримылажьэхэм, дэнэ щытщIэн, ар сымаджэм щхьэщысу жэщ дапщэ игъэкIуами, узым зэщIиубыда дапщэ ажалым къригъэлами. Ар бжыгъэншэщ, абы къилэжьа фIыщIэр зэрыкуэдым хуэдэу. Дохутыр IэщIагъэр къыщыхахым и деж абы гугъуехьу пылъыр зыми и кIэм нэсу къыгурыIуэ къыщIэкIынкъым, ауэ Мадинэ хуэдэу зи IэнатIэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу езыхьэкIхэр цIыхугъэ лъагэм и щапхъэщ.

Мадинэ гъащIэм щиIэ гукъыдэжыр, шэч хэмылъу, къезытыр и унагъуэ дахэрщ. Абырэ и щхьэгъусэ Хъупэ Мурикрэ хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ яIэщ. Пщащэ нэхъыжьыр и анэм хуэдэу дохутыру еджащ, унагъуэ ихьащ, щIалэ цIыкIуищ епI. Адрей хъыджэбзитIыр экономистщ. Зэщхьэгъусэхэм я щIалэ закъуэр Урысей МВД-м и университету Краснодар къалэ дэтым щоджэ.

И унагъуэ дахэм гурыфIыгъуэ ин кърит у, узыншэу иджыри илъэс куэдкIэ Мадинэ и IэнатIэм ехъулIэу ирихьэкIыну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.

● Спорт

# Лыжэхэм фыкъыхураджэ

**«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м, Elbrus Adventures компаниер и щIэгъэкъуэну, щIымахуэ етIуанэ хъуауэ «Эльбрус», «Архъыз» турист-рекреацэ комплексхэм къыщызэрегъэпэщ «Лыжэхэм фыкъыхураджэ» егъэджэныгъэ-хэзыгъэгъуазэ дерсхэр.**

IУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэ мы гъэм и апхуэдэ зэхыхьэхэр щIышылэм и 30-м, блыщхьэм, щаублэнущ. Абыхэм ирашэлIэнущ зи ныбжьыр илъэси 6-м къыщегъэжьауэ 16-м нэблэгъа школакIуэу 250-м щIигъу.

«Эльбрус» турист-рекреацэ комплексым «Saby Park» зыфIаща и бгы-лыжэ къежэхыпIэм щатыну дерсхэм псом япэу щIэдэIунухэщ Тырныауз къалэ щыIэ гимназие №5-м щIэс ныбжьыщIэхэмрэ Гундэлэн къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м щеджэ цIыкIухэмрэ (мыхэр псори зэхэту 40-м нызэрохьэс).

Проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я школакIуэ цIыкIухэм ящыщу псори зэхэту 700-м щIигъур мыгъэрей егъэджэныгъэ дерсхэм къызэщIрагъэубыдэну.

Дерсхэм щIадзэнущ: пщэдджыжьым - сыхьэти 10-м, шэджагъуэм - сыхьэт 13-м.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 28,** *щэбэт*

♦**ЦIыхум теухуа щэхур хэIущIыIу мыщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Армение Республикэм и Армэм и махуэщ**

♦**1897 гъэм** дизель гъэсыныпхъэкIэ лажьэ, куэду къыщIэбгъэкI хъуну двигатель ящIащ.

♦**1906 гъэм** къэралым щыяпэу цIыхубзхэм папщIэ политехникэ курс нэхъыщхьэхэр Санкт-Петербург къыщызэIуахащ. А еджапIэ нэхъыщхьэр 1924 гъэм зэхуащIыжауэ щытащ.

♦**1986 гъэм** США-м и «Челленджер» хьэрш кхъухьыр лъатэри зы дакъикъэм щIигъукIэ уэгум итауэ къэуащ. Абы иса астронавтиблри хэкIуэдауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Куйбышев къалэм и цIэр Самарэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦Совет тхакIуэ, усакIуэ, драматург, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Катаев Валентин** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэру Соня** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Спортсмен цIэрыIуэ, Олимп джэгухэм атлетикэ хьэлъэмкIэ тIэунейрэ я чемпион хъуа **Жаботинский Леонид** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингушым, Шэшэн республикэхэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 9 - 6, жэщым градус 12 - 9 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 29,** *тхьэмахуэ*

♦**Ядернэ зауэр мыдэным цIыхухэр хузэщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1710 гъэм** Урысей пащтыхьым славяныбзэм и пIэкIэ урысыбзэм и иджырей алфавитыр къащтэным теухуа указыр къыдигъэкIащ.

♦**1833 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург къалэм пощт IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1886 гъэм** Бенц Карл япэ автомобилыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патентыр кърата щ.

♦**1908 гъэм** япэ урысей аэроклубыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и деж ВЧК-м и IуэхухэмкIэ щыIэ управленэм унафэ къищтащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ органхэм щылэжьэнухэр щрагъэджэн курсхэр къызэIуахыну. Иджыпсту ар Урысей ФСБ-м и Академиерщ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1964 гъэм** Австрием щыщ Инсбрук къалэм IX ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр къыщызэIуахащ. Олимпиадэр щIышылэм и 29 - мазаем и 9-хэм екIуэкIащ. Абы щыгъуэщ Iэжьэм ису бгым къежэхынымкIэ япэ зэпеуэхэр щекIуэкIауэ щытар.

♦**2001 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим дунейм ехыжащ.

♦США-м и 25-нэ президент, а къэралым и унафэщI нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэ **Мак-Кинли Уильям** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ, дунейпсо литературэм и классик **Чехов Антон** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакIуэ, Нобель игъэува саугъэтыр зыхуагъэфэща **Роллан Ромен** къызэралъхурэ илъэси 151-рэ ирокъу.

♦Критик, АКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Чэмокъуэ Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Маликов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 9 - 7, жэщым градус 11 - 9 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 30,** *блыщхьэ*

♦**1790 гъэм** дунейм щыяпэу Инджылызым щащIащ псым гузэвэгъуэ щыхэхуа цIыхум щыдэIэпыкъукIэ къагъэсэбэп хъуну кхъуафэжьейр.

♦**1801 гъэм** император Павел Езанэм Iэ тридзащ Картли-Кахетие пщыгъуэр Урысейм къыхэгъэхьэным теухуа унафэм.

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦**1916 гъэм** Новгород Ищхъэрэм цIыхубэ университет къыщызэIуахащ.

♦**1930 гъэм** Москва уэзджынэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщI унафэ къащтащ.

♦**1933 гъэм** цIыху куэдым яхуэмыгъуа унафэ къыщащтащ Германием - Гитлер а къэралым и рейхсканцлеру ягъэуващ.

♦**1948 гъэм** Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщызэIуахащ V ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр.

♦Совет композитор, РСФСР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Дунаевский Исаак** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Гайдай Леонид** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Швецием щыщ политик, а къэралым и премьер-министр къулыкъум тIэунейрэ хаха **Пальме Улоф** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет шахматист, дунейпсо чемпион **Спасский Борис** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, шэрджэс щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха **Нэгъаплъэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градус 14 - 12, жэщым градус 17 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Щауэмыхъу жьантIакIуэщ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим и фэеплъ махуэ



КIыщокъуэ Алим и фэеплъу Налшык дэтым и деж 2017 гъэм щIышылэм и 29-м сыхьэт 11-м, усакIуэр дунейм щехыжа махуэм ирихьэлIэу, пэкIу щекIуэкIынущ икIи удз гъэгъахэр тралъхьэнущ. Абы иужькIэ, сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30-м, къызэхуэсахэр кIуэнущ Шэджэм муниципальнэ районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм икIи усакIуэшхуэм и унэ-музейм зыщаплъыхьынущ.

● Гу зылъытапхъэ

# Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

**Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.**

**Ар ядолажьэ:**

**- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;**

**- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.**

**Курсым зезыгъэтххэр тхьэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кIэ еджэнущ. Япэ дерсыр пщIэншэу щытынущ.**

**Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.**

Щэнхабзэ · Гъуазджэ · Литературэ · ЩIэныгъэ · Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

# Шыхулъагъуэ



Гукъэкlыжхэр · Гъуэгуанэ тхыгъэхэр · Хъыбархэр

## Апхуэдэщ Абыдэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Дзэлыкъуэ куейм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я пэщIэдзэм къыщалъхуа щIалэ цIыкIум зэман дэкIмэ «ЩIы хъурейм и щытыкIэр зыубзыху цIыху» цIэр къыфIащыну хэт и гугъэнт? Абыдэхэ Тажудинрэ Женярэ я бынитхум языхэз Мусэщ зи гугъу тщIыр, медицинэ щIэныгъэхэм я докторырщ, профессорырщ, урысей, дунейпсо академиехэм хэтырщ, ЩIДАА-м и академик цIэрыIуэрщ.**



Абыдэ Мусэ

КЪУАЖЭМ дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Мусэ фельдшер IэщIагъэм щыхуеджащ Налшык дэт медучилищэм. И IэщIагъэм хуэдэ дыдэу спортымрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ дахьэх щIалэщIэр медицинэ щIэныгъэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм щыдахьэхар дзэм къулыкъу щыщищIэ илъэсхэрщ. Абы мурад ищIащ къулыкъур зэфIэкIа нэужь и щIэныгъэм хигъэхъуэну. Апхуэдэуи ищIащ: ар щIэтIысхьащ Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт Езанэ медицинэ институтым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта щхьэкIэ, абдежым къыщыувыIакъым Абыдэр. Узыфэ зэрыцIалэхэм япыщIа къэхутэныгъэхэм дахьэха IэщIагъэлI ныбжьыщIэр ординатурэ нэужьым щIэтIысхьащ зыщеджа институтым и аспирантурэм. 1984 гъэм абы игъэхьэзыращ и диссертацэ лэжьыгъэр, ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи къыфIащащ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр.

АдэкIи и къэхутэныгъэм пищащ щIэныгъэлIым. Ар елэжьащ вирус узыфэ зэрыцIалэхэм я къежьэкIэмрэ абыхэм Iэпкълъэпкъым зэрызыщаужь щIыкIэмрэ хэлъ щхьэхуэныгъэ куэдым, ипэкIэ щIэныгъэм и «нэху» ятримыдзауэ. Абы къихутащ вирус лъабжьэ зиIэ узыфэхэм, лыш узым, цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ зэхуэмыдэхэм къайуалIэ уз зэрыцIалэхэм япэщIэтын папщIэ къэгъэсэбэпыпхъэ хущхъуэхэр, Iэмалхэр. Апхуэдэхэщ «Галавит», «Тамерит» препаратхэр. А псори Абыдэм къыщигъэлъэгъуащ 1994 гъэм игъэхьэзыра икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIа доктор диссертацэм. Абы гулъытэшхуэ хуащIауэ щытащ щIэныгъэлIхэм.

Абыдэм и IэзэкIэ мардэр нобэ шэщIауэ къыщагъэсэбэп медицинэм. Дохутыр IэкIуэлъакIуэм, профессор Iэзэм и деж къокIуалIэ узым текIуэну гугъапIэ зимыIэжу къэна сымаджэ куэд. Медицинэм и зэфIэкI лъагэхэм фIэщхъуныгъэ къахилъхьэжарэ узыншэ хъужауэ абыхэм я нэхъыбапIэр гъащIэм хоувэж лъэ быдэкIэ. «Иину жысIэн дэнэ къэна, сегупсысын сошынэ уеблэмэ: сэ лыш узыр сиIэжкъым», «Си щытыкIэр псалъитIым къиизгъэзэгъэнщ: насыпышхуэм сызэщIeIэтэ!», «Адыгэхэм апхуэдэ цIыху цIэрыIуэ, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ къызэрытхэкIам срогушхуэ!» - апхуэдэ псалъэхэр жаIэу зэхыбох Абыдэм и деж зыщызыгъэхъужа куэдым.

Зихуэдэ щымыIэ IэзэкIэмрэ хущхъуэхэмрэ лъэпкъ медицинэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ Абыдэ Мусэ къыхуагъэфэщащ къэралпсо, дунейпсо медицинэ зэгухьэныгъэхэм, академие зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. ХущхъуэщIэхэр зэхэлъхьэным зэрелэжьам, ахэр медицинэ практикэм зэрыхигъэхьам папщIэ щIэныгъэлIым зыбжанэрэ къратащ Урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэ центрым, Дунейпсо медицинэ академиехэм я дыщэ, дыжьын медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэр.

Еш имыIэу ноби ирегъэкIуэкI Абыдэм къэхутэныгъэщIэхэр. Абы и унафэм щIэту IэщIагъэлI гупхэр йолэжь вирус лъабжьэ зиIэ жьэн узыр, тхьэмщIыгъум епха узыфэхэр гъэхъужыным. Абыдэр ядолажьэ медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым, университет зэмылIэужьыгъуэхэм, медицинэ институтхэм уз зэрыцIалэхэмкIэ яIэ кафедрэхэм. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ и къэхутэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа монографие зыбжанэ, иIэщ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щIигъу, хущхъуэгъуэщIэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патенту 30-м нэс. Профессор цIэрыIуэм и мащIэкъым гъэсэнхэри. Абы и нэIэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ доктор диссертацэу 4, кандидат лэжьыгъэу 10.

Дунейпсо цIэрыIуагъ иIэщ ди лъахэгъу щIэныгъэлIым. Апхуэдэу Урысей-швейцарие бизнес-клубым абы къыхуигъэфэщащ «И Iуэху зехьэкIэ пэрытым папщIэ» дыщэ медалыр. Социальнэ медицинэм щиIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, абы Германием къыщратащ Эрлих и цIэкIэ щыIэ щIыхь медалыр. «Досс-Астра» зыфIаща, вагъуэхэм я каталогым зэритымкIэ, хьэршым щыIэ вагъуэхэм ящыщ зым фIащащ «Абидофарма» цIэр.

2003 гъэм Швейцарием щекIуэкIауэ щытащ «ЩIы хъурейм и щытыкIэр зыубзыху цIыху» дунейпсо зэпеуэр. Абы щытекIуауэ къалъытар икIи «Хрустальнэ лIыхъусэжь» кубокыр зыхуагъэфэщар адыгэлI щэджащэ Абыдэ Мусэщ. А цIэ лъагэр икIи лъапIэр Абыдэм къихьащ и псэ хьэлэл лэжьыгъэшхуэхэмкIэ, Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, цIыхум и узыншагъэм, гъащIэм папщIэ зэфIих Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Лъэпкъ щIэныгъэм и гуащэ

**Адыгэ лъэпкъым и япэ бзылъхугъэ еджагъэшхуэ, лъэпкъ литературэмрэ абы ехьэлIа къэхутэныгъэхэмрэ егъэкIуэкIыным хуэлажьэ, щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и вице-президент Бэчыжь Лейлэ къызыхэкIа лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.**



Бэчыжь Лейлэ

ШЭРДЖЭС литературэм и тхыдэдж, критик цIэрыIуэ, Къандурым и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтым и лауреат Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и пхъур Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ Дахэ къуажэм къыщалъхуащ. КъШР-м и къалащхьэ Черкесск дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр къиуха иужь, Лейлэ Ленинград дэт къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым щеджащ. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэту къызэригъэзэжрэ, Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щолажьэ, IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ къудамэм и унафэщIу. Абы къыдэкIуэу, 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ КъШКъУ-м литературэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэщ.

Бэчыжь Лейлэ адыгэ щIыналъищми, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми фIыуэ къыщацIыху. Абы и щхьэусыгъэр адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джынымкIэ, ди лъэпкъ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкI тхыгъэхэм уасэ тэрэз яхуэщIынымкIэ, литературэм зезытыну зи гугъэ щIэблэщIэр гъуэгу щыпкъэ тегъэхьэнымкIэ мы бзылъхугъэм куэд дыдэ зэрилэжьарщ. А псори Лейлэ щIыхузэфIэкIар анэдэлъхуу иIэ зэчиймрэ сыт хуэдэ гугъуехь хуэзами къимыкIуэтурэ зригъэгъуэта щIэныгъэшхуэмрэ я фIыгъэщ.

Бэчыжьым и Iэдакъэм къыщIэкIыу япэ дыдэу дунейм къытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» зыфIища тхыгъэращ. Ауэ ар тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыным и пэкIэ, Лейлэ къыщигъэсэбэпауэ щытащ адыгэ литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэу 1957 гъэм Москва къалэм щекIуэкIам щищIыгъа докладым.

Университетыр къэзыухагъащIэ бзылъхугъэ ныбжьыщIэм ди литературэм теухуауэ абдеж къыщипсэлъам къыхэща щIэныгъэр, акъылыр, зэчийр нэгъэсауэ гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ щытащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэу Михалков Сергейрэ Сартаков Сергейрэ.

НапэкIуэцI плIыщI нэхъ мыхъу япэ тхылъ пIащIэ цIыкIур Бэчыжь Лейлэ угъурлыуэ къыхущIэкIри, абыкIэ щIэныгъэм щыхиша лъагъуэр иужькIэ еджагъэшхуэм и гъуэгу бгъуфIэ хуит хъуащ. Иужьрей илъэс 54-м къриубыдэу ди литературэм и тхыдэмрэ адыгэ, абазэ, нэгъуей, къэрэшей тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI тхыгъэхэмрэ ятехуауэ лэжьыгъэшхуэ зыбжанэ итхащ икIи къыдигъэкIащ Лейлэ.

Абыхэм ящыщщ «Шэрджэс усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин» (1962), «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «Адыгэ литературэм и прозаическэ жанрхэм я зыужьыкIэмрэ ахэр зытет лъэпкъ дахэгъэпс хабзэхэмрэ» (1972), «ЛIыхъужь эпосым къыщыщIэдзауэ романым нэс» (1974), «Псалъэм и жэуаплыгъэр» (1978), нэгъуэщIхэри. Абыхэм нэмыщI, Бэчыжьыр ящыщщ 80 гъэхэм Москва къыщыдэкIауэ щыта «Совет лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэр» (томитху мэхъу), «Совет романыр» тхылъхэр зытха еджагъэшхуэхэм.

Бэчыжь Лейлэ и гуащIэшхуэ хэлъщ Кавказ зауэжьым и зэранкIэ къэрал щэныкъуэм щIигъум щикъухьа хъуа ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа тхакIуэхэм, усакIуэ цIэрыIуэхэм я творчествэр хэкужьым щыпсэухэм ягъэцIыхуным хуэгъэзауэ ди щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ иным. Псалъэм папщIэ, Иорданием щыпсэу адыгэ тхакIуэшхуэ Къандур Мухьэдин и «Кавказ» роман-трилогиер къыщыдэкIам япэ дыдэ ар зэпкърызыхыу, и рецензэ убгъуа ди къэралым къыщытрезыгъэдзахэм ящыщщ Бэчыжьыр.

Апхуэдэ къабзэу, хэхэсу псэу адыгэхэм ятеухуащ Лейлэ жэрдэмщIакIуэ зыхуэхъуу 1991 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Черкесск къалэм щрагъэкIуэкIауэ щыта «Кавказ лъэпкъхэм хамэщIхэм щаIэ щэнхабзэр» щIэныгъэ конференцыр. Апхуэдэ конференц бжыгъэу Бэчыжьыр зыхэлэжьыхьар куэд мэхъу. Дэтхэнэми абы хелъхьэ лъэпкъым хуэгъэза и гупсысэ куур, хамэ къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэм къагъэщI литературэм ди лъэпкъ IуэрыIуатэр зэришхэпсым и гугъу ищI зэпытщ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Бэчыжь Лейлэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжауэ къыдэгъэкIыным. Апхуэдэ лэжьыгъэм и мызакъуэу, Лейлэ жыджэру хэтщ адыгэм теухуауэ кърахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхуми. Абы хузэфIокI лъэпкъым и Iуэхухэм и гуащIэ Iыхьэ хилъхьэн.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**



ФатIимэ



Лейлэ

## Абыкъу зэшыпхъуухэр

**Абыкъу зэшыпхъуухэм я къекIуэкIыкIар быдэу епхащ совет зэманыр къэунэхуа нэужь екIуэкIа «цIыхугъэкIуэдым». Хэкум ирагъэкIахэм ящыщт зэшыпхъуитIым я адэм и адэ Хьэмиди, я анэм и адэ Дым Iэдэм и къуэш Николаи.**

АБЫКЪУ ФатIимэ Азрэт и пхъур 1950 гъэм Ашхабад къыщалъхуащ, иджыпстуи а къалэм щопсэу. Гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Абыкъу ФатIимэ илъэс куэдкIэ Ашхабад консерваторэм и проректору лэжьащ. ФатIимэ жану хэлэжьыхьащ тыркумэн щэнхабзэм зиужьыным, ар и критикэ тхыгъэхэмкIэ цIэрыIуэщ. Илъэс зыбжанэкIэ ФатIимэ щытащ Тыркумэн Республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу.

Абыкъу Лейлэ Азрэт и пхъур 1951 гъэм жэпэгъуэм и 16-м Ашхабад къыщалъхуащ. Абы 1972 гъэм Тыркумэн политехникэ институтым щIыдагъэм елэжьынымкIэ и факультетыр, 1980 гъэм - а къэралым геолог-къэлъыхъуэныгъэхэмкIэ аспирантурэр къыщиухащ, абдеж щыщIэдзауи щIэныгъэм и гъуэгуанэм къытекIакъым. Лейлэ и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр къебжэкI къудейкIэ зэфIэзгъэкIынщ жыпIэми, езыр зыпыщIа Iуэхум теухуа защIэщи, IэщIагъэм щымыщым дежкIэ гурыIуэгъуафIэкъым. Абы геологием ехьэлIа Iуэхухэм ЭВМ-кIэ щелэжь IуэхущIапIэ къызэригъэпэщри, езыр абы и унафэщIу щытащ. И тхыгъи 100-м щIигъу УФ-мрэ хамэ къэралхэмрэ къыщыдэкI журнал пэрытхэм къытехуащ, и ехъулIэныгъэхэр езыр зыхэт къудамэм пыщIа дунейпсо зэхуэсхэм къыщагъэсэбэп. Дызэрыт зэманым геолог-минерал щIэныгъэхэм я доктор Абыкъу Лейлэ Газымрэ щIыдагъэмрэ щелэжь институтым (ИПГН РАН) и унафэщIу мэлажьэ.

Абыкъу лъэпкъым теухуа къыдэкIыгъуэр щыдгъэхьэзырым Абыкъу Лейлэ къытхуитхауэ щыта тхыгъэр гукъинэж тщыхъуащ:

«Пэжыр жысIэмэ, лъэпкъым и блэкIам теухуауэ сщIэр мащIэщ. ДыкъызэхэкIами ди адэр гъэру щIаIыгъа щхьэусыгъуэми ди унагъуэм щытепсэлъыхь хабзэтэкъым. Езырезыру зэрызэхэкIыжамкIэ, си адэ Азрэт Абыкъу Хьэмид и къуэщ, си анэшхуэр Щэрданхэ япхъут.

ЩIыпIэщIэм тыншу дыхэзэгъащ жыпIэми гугъу дыщехьащ жыпIэми, тIум щыгъуэми ущыуэнукъым. Зы лъэныкъуэкIэ, ди адэр комсомолым къыхадзри институтми къыщIадзыжауэ щытащ, «къызыхэкIар зэрибзыщIар» и щхьэусыгъуэу. Ди адэ шыпхъум и лIыр ягъэтIысауэ щытащ Абыкъухэ япхъу зэрищхьэгъусэм щхьэкIэ... Ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, Тыркумэн щIыналъэм ифI къыдэкIащ: ди адэ-анэм абы зыщаузэщIри дэри а щIыналъэм ди лъэр щыуващ. Дыкъэзылъхуахэм пщIэ яIэу, я хьэтыри цIыхухэм къалъагъуу псэуахэщ.

Хамэ лъэпкъым щыщ хъун-мыхъун Iуэхум и гугъу пщIымэ, тыркумэн лъэпкъым дыхэшыпсыхьыжауэ жыпIэ хъунущ, ауэ сытым дежи хамэхэм дафIэхэгъэрейуэ, хэгъэрейхэм дафIэхамэу дыкъекIуэкIащ. Си адэ-анэри, си анэшхуэри, адрей ди адыгэ благъэхэу сыщыцIыкIум сцIыхуахэри цIыхуфI защIэт, лэжьакIуэжьхэт. Абыхэм псоми Къэбэрдей щIыналъэр я псэм пащIырт, адыгэ уэрэдхэр жаIэурэ гъыжу щытахэщ».

**ХЬЭПЦIЭ Сэтэней.**

● Адыгэхэр ирогушхуэ



**УэрэджыIакIуэ телъыджэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным я цIыхубэ артист Тут Заур.**

## Артист хъуну и насып къиххьащ

**УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист Батыр Мухьэдин цIыху насыпыфIэу зыкъелъытэж.**

- СЭ СИ НАСЫП къикIри артист сыхъуащ, - щыжеIэ абы и интервьюхэм языхэзым. - Сэ роль къэс нэхъапэкIэ симыIа гурыщIэ щызыхызощIэ, сымыгъэунэхуа куэд си нэгу щыщIокI. А ролыщIэхэр екIуу къохъулIэнымкIэ лIыхъужьым и фащэм, теплъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Батырыр япэ дыдэ утыку къыщихьам еплIанэ классым щIэсу арат, иужькIэ мызэ-мытIэу хэтащ я щIыналъэм къыщызэрагъэпэща зэпеуэхэм. А зэманхэращ абы а IэщIагъэм игу щыкIэрыпщIар.

Щэнхабзэм щыхурагъаджэ училищэм щIэтIысхьа къудейуэ армэм дашри, щIалэщIэм артиллерием къулыкъу щищIащ. Армэ нэужьым гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ еплъ хъуа Мухьэдин, зыщIэса еджапIэм имыгъэзэжу, заводым фрезеровщикыу лэжьэн щыщIидзат.

Зи зэфIэкIым шэч къытезыхьэжу щIэзыдза Батырым иджы зэзэмызэт уэрэд щыжиIэр. Ауэ уи натIэм итым узэрыфIэмыкIыфынур иужькIэ нэрылъагъу зэрыщыхъуар жеIэж Батырым. Зы зэхыхьэ гуэрым щыIэу Мухьэдин и уэрэд жыIэкIэр Хъупсырджэн Албэч (а зэманым Астрахань дэт консерваторэм и студентт) зэхихри, музыкэмкIэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыну тригъэгушхуат. Музыкэ училищэм илъэситIкIэ фIэкIа щемыджауэ, я унафэщI Къуэдзокъуэ Владимир и чэнджэщкIэ ар щIэтIысхьащ Римский-Корсаков и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм. Мухьэдин и зэфIэкIым абы зэрызыщригъэужьам и мызакъуэу, музыкэ дунейм щыпэрыт цIыху гъэщIэгъуэн куэд къыщицIыхуат.

Ар къиуха иужь Ленинград дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкIэ и академие ансамблым хэту илъэсищкIэ лэжьащ. Ди хэкум и мызакъуэу, КъухьэпIэ Европэм хыхьэ къэралыгъуэхэми я утыкухэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа артистым и ехъулIэныгъэхэр куэдкIи нэхъыбэнкIэ хъунт, ауэ къыщалъхуа щIыналъэм хуэзэша уэрэджыIакIуэм къигъэзэжмэ нэхъ фIэкъабылащ. Ленинград дэт къэрал консерваторэм уэрэд жыIэнымкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзыгъэгъуэта Батырыр ди артист пажэхэм яхыхьащ.

Мухьэдин Музыкэ театрым япэу щигъэзэщIар «Цыганский барон» спектаклым хэт Бринкай и ролырщ. Езым нэхъыфIу илъагъур «Риголетто» хэт ажэгъафэращ. Ар роль тыншхэм зэращымыщыр, ауэ щыхъукIи абы щIэлъ гупсысэ куум, къарум, лъагъуныгъэ иным зэрызыIэпишэр жеIэ Батырым.

1989 гъэм щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым абы игъэзэщIащ оперэ партие куэд, классикэ опереттэхэм, макъамэ комедиехэм, мюзиклхэм роль пщIы бжыгъэхэр щиIэщ. Апхуэдэхэщ Верди Джузеппе и «Травиата» (Жерман и партиер), Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» (Евгений Онегин), Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» (Сильвио) оперэхэр, «Дахэнагъуэ» лъэпкъ балетыр (Джэримэс), Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» (Къамбот) опереттэр, «Моя жена - лгунья», «Цыганский барон», «Последний шанс», «Свадьба в Малиновке», «Не прячь улыбку» макъамэ комедиехэр, «Мыщэ и къуэ Батыр» псысэр, нэгъуэщI куэди.



Батыр Мухьэдин

Абы и макъ гуакIуэм цIыхухэр щIэдэIуну Iэмал щаIэр театр утыкум и закъуэкъым. Ар ди республикэм къыщаIэт махуэшхуэхэми, гъунэгъу щIыналъэхэм щекIуэкI Iуэху гуапэхэми, концерт зэмылIэужьыгъуэу щыIэхэми жыджэру хэтщ. Мухьэдин и макъыр щыIуащ Москва, Санкт-Петербург, Дон Iус Ростов, Ставрополь, Краснодар крайхэм , Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм. Уеблэмэ 2003 гъэм Германием щагъэлъэгъуауэ щыта спектаклым хэтащ. СКГИИ-м уэрэджыIакIуэхэр щагъэхьэзыр и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьщи, театрым и лэжьакIуэ хъуну ныбжьыщIэхэр егугъуу егъэхьэзыр.

Батыр Мухьэдин гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэм къыпэкIуащ цIыхухэм я лъагъуныгъэр, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым, иужькIэ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр къызэрыфIащар.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**




● Лъэпкъ Iуэху


Бурсэ къалэм.


Дюзджэ щагъэлъапIэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель ХЪУАЖЬ Фахъри:

# МэшбащIэ Исхьэкъ ди хэкум и цIэр Тыркум фIыкIэ щыжрегъэIэ

***МэшбащIэ Исхьэкъ Тыркум щригъэкIуэкIа литературэ зекIуэм теухуауэ хъыбар кIэщI тетащ ди газетым. Иджы абы нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ фыхуэтщIу аращ.***

***Дызэрыгушхуэ ди тхакIуэшхуэ МэшбащIэ Исхьэкъ 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 19 – 23-хэм Тыркум щыIащ. Абы дригъусащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щэнейрэ щыта Жэмыфэ (Чемсо) Гъазий, Исхьэкъ и тхылъхэр тыркубзэкIэ зэзыдзэкIа Инэмыкъуэ Мэулид, сэ - Хъуажь Фахъри, а псор зи жэрдэму, литературэ зекIуэр зи мылъкукIэ къызэрагъэпэща ди хэгъэрей Нэгъуей Яшар сымэ.***

ИСХЬЭКЪ Тыркум и щыпэкIуэтэкъым. Ар 1976 гъэм къыщыщIэдзауэ мызэ-мытIэу щыIащ а къэралым, ауэ абы щыгъуэ нэхъ зыхуэзар адыгэхэр арамэ, иджы димылъэпкъэгъу куэдми, къэралым и лэжьакIуэхэми, абыхэм я тхьэмадэхэми, тырку журналистхэми яIуущIащи, абы мэхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым. А псори зи фIыщIэр, щIыпIэ куэдым къыщацIыху, Хэкужьми фIыкIэ зи гугъу щащI ди ныбжьэгъуфI Нэгъуей Яшарщи, абы ину фIыщIэ худощI.

МэшбащIэ Исхьэкъ япэу зрагъэблэгъар Истамбыл дэт уней еджапIэ нэхъыщхьэ щхьэхуитхэм ящыщу икIи къэрал политикэм имыдэ темэхэри къэзыIэтыфу Билги университеткIэ зэджэрщ. Абы и пэшышхуэ дызрагъэблэгъам щIэсащ адыги, абази, нэгъуэщI кавказ лъэпкъхэми, тыркухэми ящыщу цIыхуищэм щIигъу. Дауи, университетым и еджакIуэхэр нэхъыбэт. Абы егъэджакIуэхэри, нэгъуэщI хьэщIэхэри яхэтт. Ешхэ-ефэ, къафэджэгу, уэрэд-макъамэ хуэдэ нэгузегъэужьыгъуэ зыхэмыт щIэнIуатэ гъур къудейм апхуэдиз цIыху къекIуалIэу куэдрэ ухуэзэркъым. ИтIани, ахэр сыхьэтищым щIигъукIэ мыхъейуэ-мыбауэу жыхуаIэм хуэдэу, къыдэдаIуэу щIэсащ пэшым. Истамбыл и уэрамхэр машинэкIэ зэрыкудам къыхэкIкIэ дыгувэу, сыхьэт нэблагъэкIэ зэрызэдгъэжьари абы хыубжэжмэ, ахэр зыхуэдэ гупыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъунущ.

ЩIэнIуатэр иригъэкIуэкIащ Чэлэмэтхэ япхъу Чигдем. Арат ди программэр къызэзыгъэпэщари. Ар профессионалщ, езым фирмэ иIэщ мыпхуэдэхэр къызэригъэпэщу, ауэ иджыри къэс зэи адыгэхэм ятеухуауэ апхуэдэ Iуэху зэрыхэмытам къыхэкIыу, илъэгъуар, зэхихар хуабжьу гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ. Чэлэмэт Чигдем дэ къыджиIащ: «Иджыри къэс мыпхуэдэ зэхуэс куэд езгъэкIуэкIащ. Си лъэпкъым и щэнхабзэм теухуауи сытхащ, сыпсэлъащ, зэхыхьэхэр зэхэсшащ, ауэ си адэжь щIыналъэм нобэ хуэдэу гурэ псэкIэ гъунэгъу сыхуэхъуакъым. Хэкужьым апхуэдизу гъунэгъу сызэрыхуэпщIыжам щхьэкIэ ину фIыщIэ, щIыхь пхузощI, Исхьэкъ, Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу». Псом хуэмыдэу, адэжь щIыналъэм къэгъэзэжын гупсысэр цIыхухэм ядэзымыIыгъхэм, хэкур зыхэт Урысей Федерацэм нэфIкIэ къемыплъхэм апхуэдэу жызыIэн къахэкIащ МэшбащIэм и фIыгъэкIэ.

Чэлэмэтхэ я пхъум япэ псэлъэгъуэр Инэмыкъуэ Мэулид иритащ. Абы я гугъу ищIащ Исхьэкъ и IэдакъэщIэкIхэм, ахэр зытеухуахэм, я гъэпсыкIэм, и тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэр «къызэригъэпсалъэм», нэхъ гъэщIэгъуэну абыхэм яхэлъхэм.

Псэлъэгъуэр Жэмыфэ Гъазий къыщылъысым, абы жиIащ Исхьэкъ и тхылъхэм зэрыщIапIыкIар, абыхэм еджэурэ къызэрытэджар, ауэ аргуэру щIиджыкIыжын зэрыщIидзэжар. Сыту жыпIэмэ, МэшбащIэм и тхылъхэр зэ уеджэу хыфIэбдзэж хъунухэм ящыщкъым, абыхэм щIэныгъэ куу яхэлъу, уеджэху щIэ, гъэщIэгъуэн гуэр къахыбохыф.

Пэшым щIэсу хъуар зэжьэр Исхьэкъти, псэлъэгъуэр абы деж щынэсым, Iэгуауэм зрагъэIэтащ.

### «Сэ мыбы сыкъэзыхьар си адыгэгурщ»

АПХУЭДЭУ псэлъэн щIидзэрт МэшбащIэ Исхьэкъ, итIанэ абы къригъэкIыр зэпкърихыжырт: абы къызэщIеубыдэ адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, адыгэ тхыдэр, адыгэм и щхьэм къикIуа гуауэшхуэр, адыгэм и лIыгъэр, и гущIэгъур, и дуней еплъыкIэр, и цIыхугъэр. Исхьэкъ абы хэту яхуиIуэтащ и анэм, и адэшхуэ-анэшхуэхэм езыр адыгэ хабзэм, ди тхыдэм зэрыщIапIыкIар, итIанэ ахэр дунейм яригъэцIыхуну и пщэ зэрыдилъхьэжар, тхакIуэ гъуэгуанэм зэрытеувар, сыт щыгъуи и анэдэлъхубзэмкIэ зэрытхэр, тхылъищэм нэблагъэ зэриIэр, ахэр урысыбзэкIи нэгъуэщIыбзэхэмкIи къызэрыдагъэкIар, абыхэм ящыщу тIощIым щIигъур зэрыроманыр, романхэм ящыщу 6-р Урыс-Кавказ зауэм, ИстамбылакIуэм, хэхэс гъащIэм зэратеухуар, плIыр хьэрыпыбзэкIэ, щыр тыркубзэкIэ къызэрыдэкIар, иджыри зэрызэрадзэкIыр.

«Сэнауш зыхэлъ цIыхур тхэнумэ, и анэдэлъхубзэрщ зэрытхэн хуейр. Сыту жыпIэмэ, цIыхур зэрыгупсысэр, и гум щыхъэхэр нэхъыфI дыдэу къызэриIуэтэфыр и анэдэлъхубзэрщ. АнэдэлъхубзэкIэ птхаращ цIыхубэм я гум нэсыр», - яжриIащ Исхьэкъ къедаIуэхэм.

«Сэ адыгэ лъэпкъым и щхьэм къикIуа гуауэращ тхакIуэ сызыщIар. И лъэпкъ тхыдэр фIыуэ зымыщIэр, зыхэзымыщIэр тхакIуэ хъуфынукъым, хъуми, жыжьэ нэсыфынукъым», - пищащ МэшбащIэм. «Сэ епщыкIузанэ лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр, абы и щхьэм кърикIуа гуауэр къыщызогъэлъагъуэ си тхылъхэм».

Дауи, абы и закъуэкъым Исхьэкъ и тхылъхэм къыщигъэлъагъуэр, атIэ адыгэр адыгэ зыщIа и хабзэри къыщегъэлъагъуэ. «Зи цIэ дымыщIэж ди адэшхуэхэм я адэшхуэжхэм къытхуагъэнауэ хабзэ диIэщ дэ адыгэхэм. Абы адыгэ хабзэкIэ доджэ. Ар мытхауэ конституцэщ», - жиIащ абы.

Сэри, сызэрыюристым и фIыгъэкIэ, щIызгъужащ: конституцэ къудейкъым, мытхауэ юридическэ системэ псо мэхъу ар, нанур анэм и фэм щыхидзам къыщыщIэдзауэ щIалъхьэжыху и гъащIэм и дэтхэнэ щIыпIэри иубзыхуу.

Исхьэкъ тхакIуэр зэрыщытын хуейми яхутепсэлъыхьащ, щапхъэхэри къихьурэ, зэзэмызэ езыми зиумысыж-зиухеижурэ.

«Си тхылъхэм зэи джатэр лъыпсыр къыпыжу къыщызгъэлъагъуэркъым, - жиIащ абы, - сыту жыпIэмэ, тхакIуэм къалэну зыхуигъэувыжын хуейр мамырыгъэрщ, зэкъуэшыгъэрщ, и къалэмыр зыхуигъэбзэн хуейр лъэпкъхэр зэпэгъунэгъу, зэныбжьэгъу зэрыхъунырщ. Ауэ абы щхьэкIэ пэжыр щIэббзыщIын щыIэкъым. Пэжыр пэжщи, гува-щIэхами къыпфIыщIэпщынущ. Сэ къехьэкI-нехьэкI, нэфI-ней сиIэкъым, къэхъуа-къэщIар зэрыщытым тету къызогъэлъагъуэ. Зыри згъэмысэркъым, згъэкъуаншэркъым. Зыми IэштIым езгъэлъагъуркъым, си Iэр хуэсщIыркъым. Зыми сыкъыщхьэщыжыркъым. ФIыр фIыщ, Iейри Iейщ. ФIыри Iейри гъащIэм щызэхэтщ, ауэ сыт щыгъуи фIыращ щытекIуэр, щынэхъыщхьэр».

ЦIыхухэм къэхъуа-къэщIар ипэжыпIэкIэ къыщащIэкIэ, зэбияхэми нэхъ тыншу гъуэгу къыхуагъуэтыфынущ зэфIыжыным, зэныбжьэгъуным. IитIыр зэрымыщIэу зэрыфыщIми, зэрыщIэмэ, зэрытхьэщIыфынущ. ЦIыхухэр зэхуэзэху зэрощIэ, зэрыщIэху зэротхьэщI, нэхъыфIым, нэхъ дахэм, тхъэгъуэ-гуфIэгъуэм хуокIуэ. Апхуэдэурэ гъащIэм, зэкъуэшыгъэм, мамырыгъэм зеужь.

### Адыгэр лъэпкъыпсэхэкупсэу щытмэ, абы къэралхэри зэришэлIэнущ

ИСХЬЭКЪ и «адыгэгум» хэту хэкуми лъэпкъми ятепсэлъыхьащ. «Адыгэ лъэпкъри, адыгэбзэри, адыгэ хабзэри къыщыхъуар сэ сыкъыздикIа Кавказырщ, Шэрджэсырщ, фи адэжь щIыналъэрщ. Адыгэр Кавказым и щIыдэхъу лъэпкъщ. Сыт и лъэныкъуэкIи щIыпIэ дахащэщ Тхьэм къыдипэса ди хэкур. Абы къехъуапсэу къемыбгъэрыкIуа къэнакъым жыпIэми, ущыуэщэнукъым. Ауэ псоми ди адэшхуэхэм псэемыблэжу щахъумащ ди Хэкур.

Нобэ адыгэ лъэпкъыр дуней псом и къэрал куэдым (50-м нэблагъэм) щопсэу. Ауэ дэнэ дыщымыпсэуми, ди адэжь щIыналъэр зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ухэкупсэным къикIыр аращ. Дунейм теткъым си хэкур зыпэсщIын, ауэ, итIани, сылъэпкъыпсэщи, адыгэр дэнэ щыпсэуми, абыхэм «Хэку» зыфIаща щIыналъэхэр сэри си хэкуу къызолъытэ. Мис, Тыркум сыт щыгъуэ сыкъакIуэми, хамэ къэрал сыкъыщыхута хуэдэу къысщыхъуркъым. Иорданиери, Сириери, Израилри апхуэдэщ. Сирием къыщыхъухэр сытым хуэдэу си жагъуэ хъурэ?! Апхуэдабзэу, си жагъуэ хъуат нэгъабэ ди къэралитIыр зэрызэщыIеяр. А хъыбарыр сэ Мэзкуу Жылагъуэ палатэм и зэIущIэм сыхэсу зэхэсхати, ар си жагъуэ зэрыхъуар, си гур зэрыкIэзызар пхужыIэнтэкъым! Дауэ си жагъуэ мыхъунрэт?! Урысеймрэ Уэсмэн империемрэ я гъащIэр зэбийуэ къахьами, иужьрей илъэсипщI-пщыкIутхум ныбжьэгъуфI зэхуэхъуат. Абы и фIыгъэкIэ адыгэхэр, къэралитI мыхъуу, къалэ щхьэхуитIым дыщыпсэу хуэдэу, дызэхыхьэф дыхъуат. Ауэ, ар апхуэдэу зэрымыкIуэнур, и пIэ зэриувэжынур си псэм ищIэрт, мыгувэу и пIэм ирагъэувэжарэт, жысIэрт. Ди къэралитIым я президентхэм - Эрдоганрэ Путинымрэ - абыкIэ лIыгъэ къызэрагъэлъэгъуам щхьэкIэ ину фIыщIэ яхузощI. Абы фэри, хэкурысхэми ди Iыхьэфl хэтлъхьауэ си гугъэщ. Сыту жыпIэмэ, КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар Эрдоган зэрыхуэзар дощIэ. Ди дежкIи ди хасэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм ялъэкI къагъэнакъым.

Исхьэкъ и къэпсэлъэныгъэр зэфIэкIа нэужь, упщIэ-жэуапхэми пIалъэ къыхуагъанэрт. Сыт хуэдэ упщIэ кърамытми, хуэфэщэн пэгъуэдз ярытыжырт Исхьэкъ. Нэхъыбэр жэуапхэмкIэ арэзы зэрыхъури къахэщырт. Дауи, цIыхухэр зэхуэдэкъым, зэрагъэсам, зыхуеджам, зыхэт гупым, нэгъуэщIхэми къахэкIыу дэтхэнэ зыми езым и еплъыкIэ иIэжщ. ЗэрытщIэщи, адэжь щIыналъэм, ар зыхэт Урысей Федерацэм нейкIэ къеплъри мащIэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ гуэрым жиIащ: «Уэ уи романхэм адыгэхэр, адыгэм ди лIыхъужьхэр, ефэндыхэр Iей дыдэу къыщыбогъэлъагъуэ, хэутэн щыбощI. Ар апхуэдэу щIэхъур сыт? Апхуэдэу фымытхмэ, фрагъэзу, къыфтракъузэу ара? Псалъэм щхьэкIэ, Гамзатов Расул Щамил теухуауэ итха мыхъумыщIэхэм хущIегъуэжри, и ныбжьыр ирикъуа нэужь, «къысхуэвгъэгъу, сыщыуащ» жиIэжыфащ. Ауэ Бэгърат Шинкубэ Бэрзэдж Джырандыкъуэ игъэпуду итхахэр имыгъэзэхуэжу дунейм ехыжащ. Уэ апхуэдэу птхахэм щхьэкIэ ущIегъуэжыркъэ?»

Исхьэкъ упщIэм къызэщIигъэплъами, фэкIэ къызыхигъэщакъым. «Гамзатов Расул, ныбжькIэ сэ нэхърэ нэхъыжьами, си ныбжьэгъут. И махуэ лъапIэ псоми сахэтауэ жыпIэ хъунущ, ауэ апхуэдэу «къысхуэвгъэгъу» жиIэжауэ сщIэркъым. ЖиIэжауэ щытми, ар езым, я лъэпкъым я Iуэхужщ. Щамил и лъэпкъым - авархэм - яхуищIам щхьэкIэ иухеижа хъунщи, абы емыкIу хэлъкъым. Ауэ Щамил и ягъэшхуэ адыгэ лъэпкъым къызэрыдигъэкIар сэ сощIэри, абы щхьэкIэ апхуэдэ схужыIэнукъым. Сэ сызыхущIегъуэжын стхакъым. Бэрзэдж Джырандыкъуэ теухуауэ фэ фымыщIэ куэд сэ сощIэ. Къыттеуэну зызыгъэхьэзыра урысыдзэм я пашэм, мазитI пIалъэкIэ къыттемыуэну гурыIуэри и лъэпкъэгъухэр уней кхъухь къиштэу пIащIэгъуэкIэ зэрыришам и закъуэми ирикъунщ. Сэ зыми имылажьэ теслъхьакъым.

Сэ згъэмысар ефэндыхэр аракъым, «молэмыхъу Iэнэухъуэнщ|» жыхуаIэм хуэдэу, КъурIэным къикIыр къагурымыIуэу, нэгъуэщIхэм гъэпцIакIуэу къагъэсэбэпахэращ. Пэжщ, диныр Iумпэм щащI лъэхъэни щыIащ, ауэ унагъуэ куэд щыIэщ, я диныр IэщIыб ямыщIауэ. Сэ сыкъызэрыхъухьа унагъуэми диныр сыт щыгъуи щызэрахьащ. Си анэшхуэ-си адэшхуэхэр КъурIэн еджэрт, нэмэз ящIырт. Абыхэм къащIэнауэ илъэс 300 и ныбжьу КъурIэн сохъумэ сэ. КъурIэныр япэ дыдэ адыгэбзэм изылъхьар сэращ. Пэжщ, ар си закъуэу сщIакъым, Куэшбей Пщымахуи сигъусащ, ауэ япэ тедзэгъуэр си мылъкукIэ къыдэзгъэкIащ. Сэ сыдинырылажьэу, нэмэз сщIыуэ жысIэфынукъым, ауэ Тхьэр сигу илъщ. Жэщ къэс си унагъуэм, си лъэпкъым щхьэкIэ Тхьэм семылъэIуу сыжеижыркъым, сыкъызэрыушуи апхуэдабзэу солъэIури, итIанэ лэжьэн щIызодзэ. КIэщIу жытIэнщи, ефэнды нэпцIхэрщ сэ згъэкъуаншэр. Ахэри згъэкъуаншэу аракъым, зэрыщыту къэзгъэлъагъуэ мыхъумэ. Аращи, сэ сызыхущIегъуэжын стхакъым. Стхауэ хъуам архивхэм къыщызгъуэта тхыгъэхэр я тегъэщIапIэщ. Дауи, стхахэр зигу иримыхьыни щыIэнущ. ЦIыхухэр псори зэуэ арэзы пхуэщIынукъым. Сэ стхащ, мис мы щIалэхэм зэрадзэкIри фи пащхьэ кърагъэхьащ. Фигу ирихьмэ, феджэ, фигу иримыхьрэ... Тхылъым жинт щIытелъым и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ар зэтеппIэу бгъэтIылъыжыныр, аращи, фигу иримыхьмэ, зэтефпIи вгъэтIылъыж.

«Фрагъэзрэ, къыфтракъузэрэ?» жыхуэпIам теухуауэ вжесIэнщ. Къэрал здэщыIэм текъузэныгъэ гуэр щымыIэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Арыншамэ, «хаос» хъунущ. Ауэ тхакIуэм «мор тхы, мыр умытх» жиIэу зыми къытрикъузэфынукъым. Зыщыпсэу щIыуэпсыр, къэралыр, жылагъуэр зэрыщытыр къызыгурыIуэ, зыхэзыщIэ тхакIуэм сыт жиIэну хуейми жиIэфынущ, жыIэкIэ къыхуигъуэтыфынущ. Пэжщ, зэманым зехъуэж. Зэгуэрым зыгуэрхэр птхы мыхъуну щытамэ, итIанэ псори птхы хъуну зэман къокIуэж. Зыхуейр зымытхыфын, абы тхыкIэ къыхуэзымыгъуэтыфын тхакIуэ щыIэкъым. Адрейуэ жаIэхэр IуэрыIуэтэжщ, пропагандэщ».

Исхьэкъ и жэуапыр, къеупщIахэм къазэрыщыхъуар тщIэркъым, ауэ куэдыр арэзы зэрищIам гурыщхъуэ хэлътэкъым.

Исхьэкъ тхакIуэ къудейм къыщымынэу, депутату зэрыщытари яжриIащ. Иджыри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и чэнджэщэгъухэм я нэхъыжьу зэрыщытри, Мэзкуу щыIэ Жылагъуэ палатэм зэрыхэтри, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 54-м щIигъуауэ зэритхьэмадэри, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ къуэдзэу зэрылажьэри яжриIащ. Дауи, дэри яжедмыIэу къэнакъым Исхьэкъ адыгэ республикэхэми, Абхъазми, Краснодар краймми, Урысей Федерацэми, СССР-ми пщIэшхуэ къызэрыщыхуащIыр, щIыналъэ зыбжанэм я цIыхубэ тхакIуэу зэрыщытыр, саугъэт куэд къызэрыхуагъэфэщар, икIэмикIэжым, езыр псэууэ и мывэ фэеплъ махуэ зыбжанэ ипэкIэ къызэрызэIуахар.

Исхьэкъ литературэ институтым щыщеджэм тырку усакIуэ цIэрыIуэ Назым Хьикмэт зэрыхуэзари яжриIати, ар куэдым яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Псом хуэмыдэу «Тырку хъыбар» жыхуиIэ газетым и журналистым абы теухуауэ упщIэ куэд къритащ, интервью къыщриIыхым. Абы теухуауэ Исхьэкъ жиIар мыращ: «Ды дызыщыпсэу общежитхэр зыдэтым ари щыпсэууэ зэхэсхати, хъыбар хуезгъэхьри сызыхуигъэзэну селъэIуащ. ЩIалэ цIыкIущ жимыIэу арэзы хъури, щыпсэу унэм сыщыхуэзащ абы икIи мыпхуэдэу жесIащ: «Сэ уи деж сыкъэкIуэн щIэхъуам щхьэусыгъуитI иIэщ. Зыр, уэ узэрыусакIуэ цIэрыIуэр аращ, абы щхьэкIэ узэзгъэцIыхуну си нэ къикIырт. ЕтIуанэри, уэ укъыздикIа къэралым си лъэпкъэгъухэр – шэрджэсхэр - щыIэрэ щымыIэрэ, щыIэу щытмэ, пцIыхурэ умыцIыхурэ зэзгъэщIэну аращ». Хуабжьу дахэу къыспэгъуэкIат, зимыгъэпагэу уэршэрэгъу къысхуэхъуат. Адыгэхэр зэрицIыхури къызжиIэри хуабжьу ящытхъуащ, лIыгъэ зэрахэлъыр, зэрыпэжхэр, я псалъэ зэрытетыжхэр къыхигъэщащ. Сытхэну сызэрыхущIэкъур щыжесIэм, и гуапэ хъуащ икIи къызэущиящ: «УмыувыIэу тхэ, уи лъэпкъым и блэкIар тхы». Шей дызэдефэри сэ сыкъыщIэкIыжауэ щытащ».

Абы и зы усэм щыщ едзыгъуиплIи къахуеджэжащ Исхьэкъ къедаIуэхэм:

«Сэ симысым,
Уэ уимысым,
Дэ димысым,
Дауэрэ къэнэхуну кIыфIхэр!?»

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 21-м Истамбыл и Кадыкёй районым дэт, къатитхуу зэтет Мыхъурдар тхылъщапIэ цIэрыIуэми гуп хъарзынэ къыщыхуэзэри и тхылъхэм Iэ щыщIрагъэдзащ. Абы хэту «Ени Шафак» («Нэхущ щIэрыпс») жыхуиIэ кIэзетыр къелъэIури, убгъуауэ къепсэлъылIащ. А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм, Истамбыл дэт хасэхэм я нэхъыжь Кавказ щIэнхабзэ хасэм иригъэблагъэри, адыгэ куэдым жэщыбг хъуху щадэуэршэращ. ЩэкIуэгъуэм и 21-м МэшбащIэр Дюзджэ къалэ университетым и адыгэбзэ-адыгэ литературэ къудамэм и унафэщIхэм, и егъэджакIуэхэм, и еджакIуэхэм яхуэзащ. А факультетым и къудамэм адыгэбзэ щызэзыгъэщIэну хэтхэм я псэлъэкIэм, ахэр Исхьэкъ и усэхэм къызэреджэм ирагъэдэIуащ, езыхэри Исхьэкъ и псалъэм, усэ къызэреджэм я гуапэу, яфIэгъэщIэгъуэну къедэIуащ.

А махуэ дыдэм хьэщIэхэр Адэпэзэр къалэм и адыгэ хасэм иригъэблагъэри, хасэм и зэхуэсыпIэ залым нэхъыжьи нэхъыщIи, адыги абази зыхэт гупым ядэуэршэращ. Зэхуэзэр жэщыбгми яухатэкъыми, жэщым абы нэху къыщекIри, иужьрей махуэм (щэкIуэгъуэм и 22-м) Бурсэ къалэм кIуащ. Абы Думэныщ Фэтхьи Хэкужьым щытриха сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ягъэхьэзырауэ дрихьэлIэри, ар Исхьэкърэ къалэ унафэщIымрэ зэгъусэу къызэIуахащ. Ар зэфIэкIа иужькIэ, а зал дыдэм кърихьэлIа цIыху куэдым Исхьэкъ япсэлъащ.

Жэщым Нэгъуей Яшар плIыуэ зэтет и унэшхуэ хъарзынэм хьэщIэ гупыр щигъэхьэщIэри пщэдджыжьым жьыуэ кхъухькIэ аргуэру Истамбыл ишэжащ. Исхьэкъ Истамбыл къыщыпэплъэрт СулътIанбейли къалэжьейм и унафэщIымрэ Тырку Республикэм щэнхабзэмкIэ и министерствэм и къудамэу Истамбыл дэтым и тхьэмадэмрэ. КъинэмыщIауэ, ермэлыхэм я «Агос» жыхуиIэри яхэту, газетищым я журналистхэри Исхьэкъ зырызурэ къыхуэзэу къепсэлъылIэну къыхуэпIащIэрт.

СулътIанбейли къалэжьейм и Iэтащхьэми, щэнхабзэмкIэ министерствэм и тхьэмадэми дахэу, щIыхь къыхуащIу ирагъэблэгъащ Исхьэкъ. «Иджыри къэс Исхьэкъ зэрыдмыцIыхуар дэркIэ щыщIэныгъэшхуэщ, ар зи лажьэри дэращ, - жаIащ абыхэм. - Адыгэр ди къуэшу фIэкIа зэи хамэу тлъытакъым. А лъэпкъым къахэкIа мыпхуэдэ тхакIуэшхуэр иджыри къэс зэрыдмыцIыхуар ди щхьэм мыгъуагъэу худолъагъужыр».

Исхьэкъ и литературэ зекIуэр хуабжьу купщIафIэу, адыгэ тхыдэмрэ литературэмкIэ гъэнщIауэ, гушыIэ дахи хэлъу екIуэкIащ.

### Гум илъыр аращ бзэм жиIэр

ИСХЬЭКЪ гушыIэри фIэфIкъэ, зэзэмызэ ядэгушыIэрти, апхуэдабзэуи къыдэгушыIэжырт.

«Мыпхуэдэу щабэу сызэрыпсалъэм зыкъевмыгъэгъапцIэ, сэ сыбзаджэщ, псом хуэмыдэу лъэпкъ Iуэхум щынэскIэ, хуабжьу сыпхъашэщ икIи си псалъэм себлэжыркъым» жиIэри, Горбачёв Михаил парламентым и тхьэмадэу щытета, езыри абы депутату щыхэта лъэхъэнэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ гуэр шыпсэ хуэдэу яхуиIуэтащ: «Премьер-министрыр хэтха нэужь, абы и япэ къуэдзэр хэхыным чэзур щынэсым Горбачёвым, Дэгужьей Виталий Хъусен и къуэ адыгэ щIалэм и цIэ-унэцIэр криIуэри хуабжьу къыщытхъуащ, министр къуэдзэу зэрыщытами, хьэршым зыгъэлъатэхэм зэрахэтами нэсыжу, итIанэ и псалъэм «ауэ ар адыгэщ» жиIэри щIигъужащ. ЗысхуэмышыIэжу си Iэр ину къэсIэтри сыкъыщылъэтащ. Микрофоныр къысхуагъэсри жысIащ: «Уа, ныбжьэгъу Горбачёв! Премьер-министрым и япэ къуэдзэу къэбгъэлъэгъуа лIым дахэу и гугъу къэпщIа щхьэкIэ, «ауэ» жыпIэри, ипэм жыпIа псори ибудыжащ. Сыт «ауэ ар адыгэщ» щIыжыпIэжар? Ар урысу е куржыуэ щытын хуейуэ арат?» Апхуэдэу пхъашэу сыщыпсалъэм, укIытэжа, жиIам хущIегъуэжа хуэдэу къыспидзыжащ: «Исхак Шумафович, сэ ар къизгъэкIыу жысIакъым, къысхуэгъэгъу». Сытми, Горбачёвым и псалъэр иузэхужри, Дэгужьей Виталий Хъусен и къуэр 1991 гъэм премьер-министрым и япэ къуэдзэу хэтхыгъат».

*(КъыкIэлъыкIуэнущ)*


Тырку Республикэм щэнхабзэмкIэ и министерствэм и къудамэу Истамбыл дэтым и тхьэмадэм IуощIэ.


Бурсэ къалэм щыщ бысымхэм я гъусэу.


Дюзджэ къалэм щекIуэкI зэIущIэм.

# Зы усакIуэм и плъыфитI

## Бемырзэ Зураб и тхылъыщIэм теухуауэ

*Сэ уэрэд щIыжысIэр, абы къикIыр - сыщIэпсэур - урысхэм я закъуэщ. НэгъуэщIыбзэкIэ уэрэд жысIэн щIэздзэмэ, бзэмыIухэр фейдэ зыхамыхын сату Iуэху хэслъафэм ещхьщ. Си уэрэдым и купщIэр зэрыщыту кIуэдынурэ цIыхухэр къызэрыкIуам хущIегъуэжауэ збгъэдэкIыжынущ.*

**ВЕРТИНСКИЙ Александр**

**<u>Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ, «Черкес хэку» газетым и журналист Бемырзэ Зураб «Зы щIымахуэм и плъыфитI» («Два цвета одной зимы») зыфIища и тхылъыр дунейм къытехьащ 2016 гъэм и кIэухым. Абы ихуащ хьэжрэт щIалэм иужьрей илъэс зыбжанэм адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ зэхилъхьа усэхэмрэ прозэу итха лэжьыгъэхэмрэ.</u>**

«УСЭ МЫШЫУМ девмыгъэтхьэлэ!» - къыщыхогуоукI Сокъур Мусэрбий и критикэ лэжьыгъэхэм язым. А зэманым тхэхэри еджэхэри нэхъ мащIэт, нобэ елъытауэ, ауэ зэджэри ятхри къэралым и нэIэ щIэтти, пэжыр - дахэу, дахэр - фIым уезыгъэхъуапсэ Iэмалу щытын зэрыхуейр къыдгуригъэIуэныр зыгуэрым и пщэ илът. Нобэрей тхакIуэхэри усакIуэхэри, зы лъэныкъуэкIэ, нэхъ щхьэхуитщ ягу илъ къаIуэтэнкIи, зыхуейм тепсэлъыхьынкIи. Япэм «ядэркъым» жыпIэмэ, зэфIэкIат, пэжым уригъуазэу фэ къыптеуэрт. Иджы псори ядэ - тхыф, тхэф, къегъэзэгъ закъуэ, уэращ бзэр зейр. Лъэпкъыр щхьэхуэу дунейм зэрытетым егупсысыну Iэмал щIагъуэ къезыту щымыта лъэхъэнэ блэкIам елъытауэ, уи лъэпкъ и лIыгъэ, уи бзэ и зэфIэкI наIуэ къэпщIыну нобэ ухуит къудейкъым, пщIэи пылъщ. Сыт щхьэкIэ къэралым дыхигъэзыхьыжын? Бзэри, бзэгури, хьэрфылъэм щхьэщымыкI ди Iэпэхэри езыр-езыру зэпхъуэр хьэрф зэгуэмытхэрщ: урысыбзэ, хьэрыпыбзэ, тыркубзэ, нэмыцэбзэ... Бажэмрэ кърумрэ ещхьу, нэхъапэм ди кхъуэщыныщхьэр зэвт, иджы къытхущIэгъалъэркъым. Апхуэдэу щымытынкIи Iэмал иIэ къыщIэкIынкъым: узэреджэ бзэр узэрыпсалъэм, узэрыпсалъэр узэрытхэм, узэрытхэр узэрыгупсысэм темыхуэмэ, уи гурыщIэхэр къызэрыкIуэщ, гупсысэхэр жьгъейщ, гухэлъхэр куукъыми, пIалъэкIэ щIылъэм къагъэIэпхъуа хьэршырысхэм ещхьу, екIуэкIыр къыдгурымыIуэурэ ди ежьэжыгъуэр къэсынри хэлъщ. Зи тхылъ тIэщIэлъ усакIуэми ар зыхищIэ хуэдэщ:

**Къыслъохъуэри ягъуэткъым**
**си лъэужьыр,**
**Зы уси, си зы псалъи щымыIэж,**
**Си гугъэ-уапIэм къэкIыжа гъэужьым**
**НэгъуэщIым шэмэджыпэр ныхехьэж.**

Псалъэ шэрыуэр зэгуэр шабзэм ирагъэщхьу щытамэ, нобэ цIыху цIыкIур етауэ зэрызэхуэтхэмрэ апхуэдэ тыншыгъуэм и гущIыIу гумащIагъым зэрыщыхэщIымрэ плъагъумэ, фIылъагъу гъэтIылъыпIэу игъащIэ лъандэм къекIуэкI усэр гу Iувым трищIа вэгъур къэзыгъачэ лагъыму къыпщохъу. Хамэбзэкlэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэт, «лъэпкъ цIыкIукIэ» зэджэжыныр хьэл зыхуэхъуа, итIанэми «улIэн е улIын» унафэм щIэту къэпсэу цIыхубэм я Iэнэм анэдэлъхубзэкIэ тхыгъэ гунэс къытеплъхьэнри зыгуэркIэ лагъым къэбгупсысыным ещхьщ.

«Дэ хуитыныгъэ къыдаткъым. «Мис, адыгэ театр фиIэщ, газет, журнал фи бзэкIэ къыдэвгъэкIыну фыхуитщ» - жеIэри, къэралым ди бзэм зригъэужьын къалэныр абыкIэ зыщхьэщегъэкI», - жаIэ языныкъуэ хэкулIхэм. Хуитыныгъэр къыздрахым дригъэгупсысыну Зураб и тхылъым дыщогугъ, ауэ «Адыгэхэм дахэ цIыкIуу зывужьурэ мис мы гъуэгумкIэ фрикIуэ, фыщыадыгэкIэ адыгэбзэкIэ фыпсалъэ, фытхэ, феджэ, ди къэралым адыгэбзэр щыкIуэдыж хъунукъым», - жаIэу унафэ къыдагъэкIыным куэдкъэ дызэрыпэплъар? ПфIэфIым утригъэгушхуэныр къэрал къалэнкъым, «апхуэдэу ущыпсэуфкIэ, пхуэфащэщ» жиIэми, захуэкъэ?!

ЛъэпкъылIу къигъэщIам и щIыналъэр игъэлъэпIэну зэ щIэхъуэпсмэ, анэдэлъхубзэкIэ тхэм дежкIэ хэкубзэр гум хия шэпхъщ, зыщIыпIи щимыгъэзагъэу. Адыгагъэм и IэфIыр адыгэбзэ зымыщIэми зыхещIэ. Акъылым зыщIэупщIэр къыщилъыхъуэм деж, бзэ зэхэдз ищIыркъым, зыхуэныкъуэр гупсысэр гъуэгу тезыгъэувэн, гур зыгъэпсэхун псалъэщ, ар дапхуэдэ щIыкIэу къыгурыIуэми. Шэч хэлъыххэкъым зэрыхъукIэ бзэ нэхъыбэ нэхъыфIу зэгъэщIэн зэрыхуейми. Ауэ дэ дызымыгъэбакъуэр дызыдэгъуэгурыкIуэ къэралхэм я бзэхэр ди анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъыфIу зэрытщIэракъым, - тепщэу щымыт лъэпкъым ущыщыным къыдиту къытфIэщI нэмыгъэсаигъэр зэрыридгъэкъужын Iэмалу хамэбзэм фIэкIа зэрыдмыгъуэтырщ, анэдэлъхубзэм апхуэдэ гугъэ зэредмыпхыфырщ. Зумыгъэзэхуащэу жыпIэмэ, «дунейпсо» адыгэм и насыпыр лъэпкъыбзэм ирипхыжыркъым, адыгэбзэм пэIэщIэу адыгагъэ хузэхэлъхьэнуи хузехьэнуи къыщохъу.

Щхьэусыгъуэу игъащIэ лъандэм щыIари щыIэри зыщ - нэхъыбэм яIурылъ бзэм и къарур зэрынэхъ инырщ, и пщIэри зэрынэхъ лъагэрщ. Iэпхлъэпх зэрызытщIыж лъахъэхэм язщ бжыгъэкIэ къыттекIуэм и бзэр тщIэуэ зыкъэдмыгъэлъагъуэмэ, Iэгуауэ къыттракъутэм хэщIынкIэ, зэманым къыкIэрыхуа къуажэдэсу, къэухьышхуэ зимыIэ цIыху зызымыужьауэ далъытэнкIэ дызэрышынэр.

Дызытепсэлъыхьыр нэхъри нэхъ IупщIыж ящI Бемырзэ Зураб и IэдакъэщIэкIхэм: адыгэбзэр фIыуэ имылъагъуу е имыщIэу гурыщхъуэ зыхуумыщIыфыну щIалэм и тхылъым и зэхуэдитIыр зэрытхар урысыбзэщ. Адыгэм и бжыгъэр щынэхъ мащIэ Къэрэшей-Шэрджэсым зи гугъу тщIы лъэпощхьэпохэр нэхъ гуащIэжу щызыхэпщIэ къыщIэкIынщ. ЩIэныгъэбзэу усакIуэм бзэ зыбжанэ къигъэщхьэпэфыным фIыуэ хэлъыр мащIэкъым, ди лъэхъэнэм ар, уеблэмэ Iуэху къызэрыкIуэ хуэдэу щытщ. Бемырзэ-нэхъыщIэр Урысейм къыщацIыху усакIуэ хъуну зэрыхунэсами ар къегъэлъагъуэ. Ауэ сыт хуэдизу зыдгъэцIыхуфIу Зураб зэрыдухеин Iэмалхэр къэдмыулъэпхъэщми, уадыгэ усакIуэу урыс литературэм хьэлIамэщI укIуэныр удзыгъуэу джэду къребгъэшыным ещхьщ, къуажэми, жылэми, унэми, жьэгуми ятеухуауэ жыпIэ псоми фэрыщIыгъэ къыхигъэкIуасэу. «Мы щIалэм и урысыбзэм и IумпIэр иубыду, абы къикIыр - цIыху ирихыхьэнкIэ, еджэнкIэ, ирипсэлъэнкIэ нэхъыбэрэ къигъэщхьэпэу, и адыгэбзэр хуиту иутIыпщамэ, лъэпкъ дыхъужынкIи хъунт», - уигу къокI Зураб Интернетым усэщIэ къыщрилъхьэкIэ. «Анэм къыпIуримылъхьа бзэмкIэ усакIуэ нэс ухъуфынукъым», - жиIэрейт ищхьэкIэ зи гугъу тщIа, урыс щхьэгъусэ бгъэдэса Сокъур Мусэрбий. Ар дыдэм и псэлъафэт: «Урысыбзэ къабзэ щызекIуэр урыс щIыналъэ пхыдзахэращ, мыбыкIэ щызэрахьэр урысыбзэ «шэжыпсщ»». Адыгэшыр къэрэшеиIуэм ибубыдэкIэ лъыщIэ къызэрыщIэмылъэдэнум ещхьщ адыгэр урыс усакIуэ зэрымыхъунур, «анэ-дэлъху-бзэ» псалъэм и зэхэлъыкIэми къыбгурегъаIуэ ар.

«Сэ сымыпхуэдэщ», - жыпIэну ущыхуейм деж, дауи, Iэмал псори къыбогъэсэбэп. Адыгэм и къалэдэс щэнхабзэри гъуэгу гуэр темыувауэ щыткъым. Къэралыгъуэ лъэрызехьэ, къыщхьэщыжын хэку зимыIэ адыгэм «хамэбзэ къыумыгъэщхьэпэ» жепIэныр хьэуа пэбубыдыным ещхьщ. ЦIыху акъылым къытехьэлъэркъым бзэ зыбжанэ зригъэщIэныр, ар икIи интеллигентхэм я закъуэкъым зи зэфIэкIыр, зым тхылъкIэ, адрейм уэршэр къудейкIэ къещтэ. Ауэ нэрымылъагъум къыхуигъэщIа усэр гъащIэр тынш зыщI псэукIэ Iэмалхэм зыгуэркIэ къащхьэщокI. ЦIыхур гу имыIэу зэрымыпсэуфым ещхьу, анэдэлъхубзэкIэ псалъэ е тхэ усакIуэ, джэгуакIуэ зимыIэ лъэпкъыр ауэ сытми зэмангъакIуэу дунейм тет къэгъэщIыгъэ къудейщ, дунейм къыщIэкIуами абы тетын зэрыхуей щIыкIэми емыгупсысу. Усэм и губгъуэр хамэбзэм пхуэмыгъэIэпхъуэ гурыщIэхэрщ, уи адыгэ гукъеуэр урысыбзэкIэ къэпIуатэкIэ, урысми адыгэми закъыIэщIэпхыжу аращ, тIуми ягу унэсынукъым. Къытыдогъаззри, хамэбзэкIэ фIэкIа мыпсалъэ адыгэфI куэдым лъэпкъым и цIэ ягъэIуащ. Ахэр щымыIамэ, нобэ мыпхуэдэ гу къызэрыгъуэтыжыпIэ димыхуэххэнри хэлът. Зураби адыгэбзэкIэ жиIэну зытемыгушхуэр урысыбзэкIэ итха усэхэм къыщыбогъуэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гурыщIэ гуэрхэр иджыри адыгэбзэм тхуигъэзагъэркъым. Аракъэ-тIэ гъэузауэ гъэхъужыпхъэр?! ЖыпIэну узыхуейр уасэ щимыIэ бзэзэрым щыпщэну нэхъ тынш, хьэмэ илъэсищэрэ щэ ныкъуэкIэ зэтрихьа бампIэр гум щеныкъуэкъу щIыпIэм нэхъ лъапIэу щикIыну?!

Адыгэ узыжьщ урысыбзэр нэхъыфIу пщIэуэ къыпфIэщIыныр. Зураби зэрыусакIуэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, мытхэу зэрымыпсэуфынур мынэрылъагъутэмэ, ар жытIэну дытегушхуэну къыщIэкIынтэкъым. ЩIалэм хузэфIэкIыр елъагъу, усэн IэзагъкIи къыпеуэн и Iэгъуэблагъэм зэримытыр бзыщIауэ щыткъым. ИтIани, нэгъэсыпауэ, и къару къызэрихькIэ тхэну укIытэ нэхъей, жаIэ хабзэхэр, хуабжьу ягъэIухэр, утыку ихьэгъуафIэ сатырхэр зэресагъэжьу зэIуищэмэ нэхъ къыщищтэ къохъу. Рифмэри ритмри зыхещIэ, ауэ, IэжьэкIэ Iуащхьэм къежьэх сабийм ещхьу, куэдрэ бзэм здихьым къыщохутэ, псалъэм йодаIуэ, зримыгъэдаIуэу. Псалъэм папщIэ, «ЩIымахуэ уэшх» зыфIища усэм «шыугъэ»-ри «къыстрапхъари» пычыгъуэ щырыщу хоувэ: «шыугъэ» псалъэм и «у» макъзешэр дэкIуашэ ещIри «ы»-р зэпеш; «къыстрапхъам» *т*-мрэ *р*-мрэ я зэхуаку дэт «ы»-р, пэжырытхэм и хьэтыр елъагъури, дрегъэпIытIэ. Адыгэ грамматикэр зыхуей зэрыхуэмызам усэкIэ Iэмалхэр яхъуэжын хуейкъым, армырами ещанэ щхьэм ит глаголым къыпыувэ «р»-хэм дигу ящымыкIыурэ, езы бзэм игу къытщыкIыу дибгынэпэным дынэсащ.

Куэд щIакъым Познер Владимир и нэтыным Шемякин (Къардэн) Михаил къызэрыригъэблагъэрэ. СурэтыщIым сыт щыгъуи къыхегъэщ Бродский Иосиф и усэхэр игу зэрырихьыр. «Бродскэм и усэхэм сыкъыщеджэкIэ, ахэр сэ езым стхауэ къысфIощI», - жеIэ Шемякиным. Аращ усэ нэсыр зэрыщытын хуейр. Аращ зэрыщытри адыгэ джэгуакIуэхэм я уэрэдхэр. Гум хуэгъэза псалъэр лъапцIэрыкIуэщ, хьэлыуэм ещхьу Iум йоткIухь, гъэныщкIун хуейкъым.

Зураби усакIуэщ. Сыт ар къыдэзыгъащIэр? УсакIуэмрэ мыусакIуэмрэ зэхэбгъэкIыну тынш дыдэщ: япэрейм жиIэр уи фIэщ мэхъу. И жыIэкIэр уигу иримыхьынкIи хъунщ, ауэ






къалэмыр къэзыщтам усакIуэгу кIуэцIылъэрэ кIуэцIымылъэрэ зэхэгъэкIыгъуейкъым, ар езым утыку зэрызрихьэ щIыкIэми и «къыщIэгъэлъэкIэми» къыхощ.

Гугъуэр сатыр зэгъэкIуакIэ утхэнракъым, птхар усэу къыщIэкIынращ. Псалъэхэр армырами зокIу: хьэрфхэр бжыгъэ гуэрым щиткIэ, ахэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэм къытрагъэзэжыху, зыр адрейм дожьу. Адыгэбзэм и макъ дэкIуашэхэм къару нэхъыбэ зэращIэлъра къыщIэкIынщ макъзешэ зэблэхыкIэм тещIыхьа сатыр гъэпсыкIэр адыгэбзэжьым щIимыдэр. Ди макъ дэкIуашэхэм апхуэдизкIэ я щхьэ пщIэ хуащIыжри, къэзыпсэлъым и лъы иржапIэ къэс нос. А макъ Iэуэлъауэрейхэм ди бзэр усэбзэу къыпфIегъэщI, нэхъ ущемылIалIэми фIы гуэркIэ къыпхуэупсэу. ПIурылъыр нэгъуэщIыбзэу къапщтэми, цIыху къэгъэщIыгъэу щымыт бзэр апхуэдизкIэ къэхъугъэ узыншэщи, псалъитI зэбгъэдэбгъэувэмэ мыхьэнэ пыухыкIам хуэпшэфынущ. А «псалъэ зэIущахэр» тхылъ пщIырэ тхыбзэм щIапIыкIа гуэрым и пащхьэм пхуигъэзагъэмэ, къыгурымыIуэныр фIэигъуэджэу, гъэщIэгъуэн гуэр кърихыфынри хэлъщ. Апхуэдэ тхылъщ зэкIэ ди тхылъ тедзапIэхэм дызэрагъэгуфIэм я нэхъыбэр. Зы бжэгъу кIыхь цIыкIу-цIыкIуу зэпагъэлъэлъам ещхьу, «усакIуэхэмрэ» «щIэныгъэлIхэмрэ», «урысыбзэм нэхъ хуэшэрыуэ адыгэхэмрэ» я тхылъхэр къыщIагъэлъэлъ. Псоми зэдащIэ традзэр зэрымыхъуар, ауэ еджэри тхэри умыгъэбэлэрыгъыу, «уи жагъуэ умыщI, си къуэшыжь, мыр уи IэщIагъэкъым» зыжеIэн хуейхэр «гъэгушхуэныр» хьэлу къытхуинащ. ЦIыху къэс фIы гуэрым къыхуигъэщIащ. Усэ зэрыхуэмытхым къикIыркъым ар цIыху мыхъуну. Фэжагъуэм уфIэмылIыкIыу, Iуэхур зыIутыр къыгурыбгъаIуэмэ, къызыхуигъэщIа дыдэр нэхъ псынщIэу къигъуэтыжынкIи мэхъу а цIыхум. Абы щхьэкIэ ар бгъэукIытэни и напэр тепхыни хуейкъым, щыхьэт уимыIэу жепIэмэ зэфIэкIащ. Мы тхылъ уэлбанэм дызэрыхэтым хуэдэу, адыгэбзэкIэ узэджэн щыIэкъым, пасэу къыдэкIа, гъуэтыгъуей хъуа тхылъхэри къыдагъэкIыжу плъагъуркъым. Ауэ щыхъукIэ, «фIы дыдэ», «икIэщIыпIэкIэ тедзэн хуей» зыфIэпщыфыну тхыгъэ куэд «цензурэм» и пхъэрыгъажэм блэкIыфыркъым.

Апхуэдэ литературэ зэхэтыкIэм Зураб и IэдакъэщIэкIым ещхьу «тхылъкIэ» узэджэфын къыдэкIыгъуэ къыхэхуэныр махуэшхуэщ. Мыхъуар IубгъэкIуэтыну Iэмал къозыт «хъуар» зэрынэхъыбэри Iуэхур зэрыхэмыкIуэдэжыпам и щыхьэтщ.

Сыт дэ усэм дызэрыщыгугъыр? ИгъащIэ лъандэми цIыхухэр зэрыщыгугъа дыдэращ - гъащIэм дригъэзэгъэну. «Сыт къыпщыщIар? Си гъащIэр къысщыщIащ», - ирешажьэ щIалэм «Жэщтеуэ» усэр. ГъащIэм и пэжыр апхуэдизкIэ фэзэхъуэкIыу къыпщохъу икIи къэубыдыгъуейщи, абы я фIэщу хэтыныр къалэн зыщызыщIыж усакIуэхэм ар къагурымыIуэу фэ зытрагъэуэныр къыхахащ. ГъащIэр сытым дежи къыбгурыIуэмэ, уусакIуэкъым. Ауэ зэи къыбгурымыIуэххэмэ, уцIыхукъым. УсакIуэм езым цIыху къызыхещIыкIыж и усэхэмкIэ. Езыр зрикIуэ гъуэгум адрейхэр къыхуреджэ жыпIэнущи, зэрыщхьэпридзым фIэкIа дригъэплъыркъым. Къыхуриджэркъым жыпIэнущи, къыгурыIуамкIэ зэзэмызэ фIэкIа зыкъиумысыркъым. Аркъудейм къегъэлъагъуэ езы гъащIэри, укъыщIагъэщIар къыбгурыIуэху, щыIэщымыIэ хуэдэу зэрыщытыр.

«Сыт цIыхур къыщIигъэщIар?» - жаIэри Iущ гуэрым еупщIахэт. «А упщIэр къэувын папщIэ», - къапэджэжащ ар. А упщIэр гуащIэ зэпыту щигъэтынращ усакIуэм и къалэныр: псэунигуу, ауэ гъащIэр игу пыкIыу, пщэдей иутIыпщыну псэмкIэ игъащIэрей дунейм телажьэу. ПсэукIэ зымыщIэр гъащIэр гум техуэнымкIэ нэхъ къэщхьэпэ нэхъей, жэуап зымыгъуэт упщIэхэр зыгъэув усакIуэр гу кIуэдам и къегъэлакIуэщ, езым хуэмышэч дунейм и тегъэгушхуакIуэщ. Гум зезымыгъэIэт дуней кIыфIыр щызэпиплъыхьым дежи, ар нэхъ псэуныгущ, зи унэр къэмыуэжын псэуакIуэм нэхърэ:

**- Уздэжэр дэнэ?**
**- Си гур здэпхъэрам,**
**Си гугъэр щхьэрыпхъуэну нэм къытелъу.**
**Шу закъуэу си мурад зытесIуэнтIам**
**Жэщ къэсыхункIи щыхупIэжьу селъэу.**

«Сэ нэхъыфIу, нэхъ екIуу, нэхъ кууэ сыпсэуфынут!» - дуней псом зэхахыу кIий хуэдэщ усакIуэр. ГъащIэ ухуакIуэм «сыпсэуфкъым» щыжиIэм деж, чырбыш, пшахъуэ хуэдэхэр къызэрыIэрыхьэу, псэ къыхыхьэжынущ. УсакIуэм хуримыкъур нэгъуэщIщ. «КIуэ пэтми нэхъ Iэзэу я щхьэ зэрепцIыжыным зрагъэсэ...» - щыжеIэ Зураб и урыс усэхэм язым. Апхуэдэ гупсысэкIэ зиIэр мытхэнкIи мыусакIуэнкIи мэхъу, ауэ и фIэщу мыпсэункIэ Iэмал иIэкъым.

Хэт и фIэщу мыпсэур? Псори йоIэ. Сыт зыхуеIэр? Пщэдей иухыну гъащIэра? Сыхьэт дэкIмэ убгынэну кхъухь тедзапIэм щхьэкIэ сыт зыщIэбукIыжынур? Сыт и мыхьэнэ абы укъыщацIыхукIи укъыщамыцIыхукIи? ЛIэныгъэм пэщIэбгъакъуэ Iэмалхэр гъащIэм къыхэщкъым. Удз гъэгъахэр, псыежэх уэрхэр, мэз щхъуантIэхэр - нэм игъафIэ зэпыту къекIуэкI теплъэгъуэ щIэщыгъуэхэр псэущхьэхэми ядыдогуэш. Сыт-тIэ цIыхур къыхэзыгъэщыр? Зураб и гупсысэр Гугъуэт Заремэ и усэм пэджэжу итха иужьрей сатырхэм къыхощ:

**Зэгуэр, ажалри зыхьэжын**
**Щхьэл цIыкIуу, гур едмыгъэжьамэ...**

ФIылъагъу IэщIагъэращ усакIуэмрэ мыусакIуэмрэ я гъуэгу зэхэгъэкIыпIэр: лъагъуныгъэр абыхэм я дежкIэ гум и щIакхъуэ Iыхьэр къызыхащIыкI хьэжыгъэ хужьщ, и Iусыр къыщIэзыгъэщэщ щхьэлщ, сыту жыпIэмэ, лъагъуныгъэм и закъуэщ цIыхур и сурэт пэжым имыту къыхуэзымыдэр. Уи зызэтеIыгъэкIэр гурыщIэ чэнжхэм, цIыхухэм къыбдалъагъу сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэм арэзы къащIмэ, ари гъащIэм щыщщ, псори лъэтэным къыхуигъэщIакъым. Ауэ, махуэ къэс зыхыумыщIэми, къуита псори, гува-щIэхами, пIэщIэзыхыж гъащIэр фIым хуэунэтIа зэпыту зэрыщытыр уи фIэщ зыщIыфыр фIылъагъум и закъуэщ. Уи дуней зэдзэкIыкIэр фIылъагъубзэм техуэн-темыхуэнращ зэлъытар уи тхыгъэр цIыхур мыцIыхуну хуитыныгъэ езымыт усэу къыщIэкIынрэ къыщIэмыкIынрэ.

Зураб бзэм щышынэркъым, зыхуейр тыншу къыжьэдокI. Хэмыдэуи щыткъым, ауэ «мыбы сыт къикIыр?» жригъэIэн гукъыдэжым щигъэбэлэрыгъ куэдрэ къохъу. Нэхъ дахэуи, нэхъ щабэуи пхужыIэн куэд пхъашэу, къуабэбжьабэу, узыIурилъафэу къепсэлъ. ПщIащэхэм, удзхэм, дыгъэм, гурыщIэ щэхухэм ятеухуа псалъэхэм зэзэмызэ уи нэгу къыщIагъэхьэну зыхэт теплъэгъуэр пщагъэгъупщэж: «гупсысэ жьахуэ», «дыгъэр ахъшэмым ешхыж», «мазэри джабэ ныкъуэшхщ»... УсакIуэм дзыхь зэрыхуэсщIым «уэрурэ уи джэрэхъыу хэбдзантхъэр гъулъщ» псалъэухам адыгэбзэ ехьэжьа гуэркIэ фIы гуэр къикIыу къысфIегъэщI, ауэ ар къызгурыIуэху гум щысхъумарэт жысIэркъым, зыгуэрым игу хэзгъэхъуэн папщIи здесхьэжьэну къыщIэкIынкъым. Ауэ щыхъукIэ «къуэкIыпIэм и мастэнэм дыгъэ ипшым», «уэнжакъ пIыщIахэм Iугъуэ кърихур» зэгъэпщэныгъэ нэхухэри зи IэдакъэщIэкIыр а усакIуэ дыдэращ. Мыхэр зимыщIэжу IэщIэтхыхьауи фэ теткъым. Мис «ГушыIэ усэм» ар езыр къызэрыхэщыр:

**УсакIуэу щыIэм я нэхъ бзаджэр**
**едэхащIэу,**
**Си къуажэ дыщэр бгы зэхуакум**
**мыщIэу щылъщ.**

Темэхэм уахэплъэмэ, сыт нэхъ къызэрымыкIуэу Бемырзэ-нэхъыщIэм къехъулIэр жыпIэмэ, ар урысыбзэкIэ «граждан лирикэ» зыфIащ «къамэ къихыкIэращ». Зураб и усэхэр хэкулI усэ къудейкъым, хъулъхугъэ усэщ, и лъэпкъым и гукъеуэхэр, езым и псалъэкIэ жыпIэмэ, «лъынтхуэрыкIуэу» щызыхищIэу. Лъэпкъращ абы зыхужиIэр:

**Инжыдж псыхъуэм дохьэж хьэжрэту**
**Хуитыныгъэр ищIауэ псэгъу.**
**Дыгъужьыдзэу, пшагъуэкIэм хэту**
**Тхыдэ къупщхьэм инату йогъу.**

Абы адыгэм и гукъеуэхэр къиIуатэ къудейкъым, пкъырытщ, дэтхэнэ усэми фIыхыхьэу. Адэр, лъэпкъыр, къуажэр, хэкур зищIысыр, цIыхур уафэм къехуэха мывэ хъурейуэ зэрыщымытыр, езым ипэрэ иужькIэ ит чырэм къызэрыхэмыкIыфынур, ар узэбакъуэ мыхъун гуэру зэрыщытыр къыщыхегъэщ Зураб тхылъым къыкIэлъыкIуа и усэщIэхэм:

**Сяпэ ищахэр**
**Ахърэт дзэ фIыцIэу**
**Си щIыб къыдэтщ.**
**Я нэщхъ зэхэлъым**
**Мэз зэщIэкIауэ**
**Ажалыр щIэтщ.**

**Сэ сыкъемылым,**
**Уэ укъемылым -**
**Напэр къелынщ.**
**Ди щIыб къыдэтхэр**
**Дэ ди кIуэдыкIэм**
**Нобэ къеплъынщ.**

УтIысу узытепсэлъыхь хъун, узытепсэлъыхьын хуей куэдым гупсысэр хуэзышэ Бемырзэ-нэхъыщIэм и тхылъыр лъапэ махуэкIэ дунейм къызэрытехьар и щIэупщIэр зэрыкуэдым наIуэ ещI.

«Сыт ди адэжьхэм даIущIэжмэ яжетIэнур?» - щыщIоупщIэ Зураб урысыбзэкIэ итха усэхэм язым. Пэж дыдэу, сыт яжетIэнур, адыгэм и тхыдэ къэгъэшыпIэ къэс псэкIэ зыхэзыщIэ абэзэхэ щIалэр урысыбзэм зыIэщIедгъэхмэ?!

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

## Бемырзэ Зураб и усэщIэхэр

### Кхъухь

**Хэт,**
**КъызжеIэт, хэт**
**Уи нитIым хыр езыгъэщхьар?**
**Хэтщ,**
**Абы сфIыхэтщ**
**Си гъащIэ кхъухь щIэгъуэщыхьар.**
**Жейр,**
**Си жэщ мыжейр**
**Хыджейуэ уи псым къыхосыкI.**
**Мес,**
**Дуней хыуейр**
**ЩIэмыхуэу уи нэм къыщIекIыкI.**
**Гум,**
**ИIэжкъым гум**
**ИпщIа уи мафIэм щIэгъэстэн.**
**Хэт**
**ЖызыIэр щIым**
**ИмыIэу гъунэ узэлъэн?**
**Ар,**
**Хъурейми ар,**
**Зэхуэплъэ дапщэ зэблэкIа...**
**Уэ**
**Уи гъусэу псэр,**
**Хьэ си гум нобэ укъэкIа?..**

### Рыбжэ

**ГъащIэр Iыхьэншэщ.**
**ЛIыгъэр уасэншэщ.**
**Псэр си уанэгущ.**
**Си махуэ къакIуэм**
**И шылъэ макъыр**
**НобэкIэ дэгущ.**
**Дыгъэ къысхуихьэм**
**Лъыр къытрипхъауэ -**
**Напэ уэгушщ.**
**Нобэ си лъэпкъым**
**Срикъуэ закъуэщ,**
**Сритхьэгъушщ.**
**Сяпэ ищахэр**
**Ахърэт дзэ фIыцIэу**
**Си щIыб къыдэтщ.**
**Я нэщхъ зэхэлъым**
**Мэз зэщIэкIауэ**
**Ажалыр щIэтщ.**
**Сэ сыкъемылым,**
**Уэ укъемылым -**
**Напэр къелынщ.**
**Ди щIыб къыдэтхэр**
**Дэ ди кIуэдыкIэм**
**Нобэ къеплъынщ.**
**Рыбжэр ежьамэ**
**Псатхьэм уемыджэ,**
**Къыумыгъэзэж.**
**Уяпэ ищахэр**
**Къызумыгъажьэу**
**ЯлъэщIыхьэж.**
**ЛIыгъэм и гъусэу**
**Уи цIэр жегъэIи**
**ГъащIэр ущэху.**
**Уэ уадыгэщ.**
**Уи адэр - дыгъэщ.**
**Уи ужьыр - нэхущ.**

### Жей

**Жьыбгъэр щопапщэ жыг хадэ нэщIым,**
**Уэсым ахъшэмыр дожей.**
**Пшыналъэ щабэр и гущэ куэщIу**
**Си гум къыщокI уэздыгъей.**
**Махуэ щыIауэ гъащIэм ищIэжкъым,**
**Дыгъэ къепсар упщIыIуащ.**
**Къызэтелъалъэм, зэIущэщэжу,**
**Нобэ гупсысэр къесащ.**
**Си дуней лъабжьэу, си гъащIэ щхьэкIэу,**
**Гум уэздыгъейуэ къэкIа,**
**Сыт естыжынур си махуэ блэкIым**
**Уи цIэ жысIам арфIэкIа?**
**Мы уэс къесари сахуэ хъужынти,**
**УримыIамэ дунейм.**
**ПщIыхьри си гъащIэри згъэгъуэщэжынти,**
**Сыхихьэжынт уи нэ жейм.**

### Нэз

**Гупсысэр щымщ, гупсысэр абджщ,**
**Щэщэжмэ, и къутахуэр папцIэу.**
**Зы гъащIэкIэ сощIыжыр хьэж,**
**Сыхэту уи къутахуэм лъапцIэу.**
**Мы щIы ерум, мы щIы хъурейм**
**Ушэсми, уепсыхами - хьэршу,**
**БлосыкI уи дыгъэр си дунейм**
**Хуабагъэм хуезэша жэщ хьэщIэу.**
**Сэ усэ стхыжкъым, жыпIэр пэжщ,**
**СиIэжкъым псалъэ е макъамэ,**
**Абыхэм сыт я мыхьэнэж -**
**Гур щызэхэпхыр щым ухъуамэщ.**



# АДЫГЭ лъагъуэжьхэр



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ

«Адыгэ лъагъуэжьхэр» псалъащхьэм щIэту нобэ ди газетым къыщызэIудох ди адэжьхэм яIурылъа бзэм и дахагъэм, ижькIэрэ я къекIуэкIыкIам, нобэми ди лъэр здынэтхусу ди Хэкужьу къэтлъытэм и зэхэлъыкIэ телъыджэхэм дахэзышэ гъуэгуанэ тхыгъэхэр, гукъэкIыжхэр, хъыбар кIэщIхэр, къинэмыщIхэри щызэхуэхьэса напэкIуэцI щхьэхуэ.

# Iэбагъуэ

● ЩIыпIэцIэхэр



Iэбагъуэ и нэпкъхэр - щIымахуэм.



Iэбагъуэ и хъупIэхэм.

**Адыгэ Республикэм щежэх Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэмкIэ иужьрей дыдэу къыдэс Гъуазэрыплъ къуажэ цIыкIум къегъэщIылIа Iэгъуэблагъэм пэгъунэгъуу икIи нэхъ зыкъыщхьэщиIэтыкIауэ узыIуплъэ Iуащхьэ джафэ зэпэхъуреишхуэм «Iэбагъуэ» жиIэу йоджэ.**

МЭЗ IУВЫЖЬХЭМКIЭ къэухъуреихьа жылэ цIыкIум укъыщежьэу, а бгым и щхьэкIэм нэс лъэсу удэкIынумэ, километр 11 хуэдиз дэлъщ. А гъуэгуанэр къызэнэкIыным ику иту сыхьэти 6 - 8 токIуадэ. Iэбагъуэ метр 2689-рэ и лъагагъщ. Абы ищхъэрэкIэ гъэза и джабэ нэкIухэм Щхьэгуащэ сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыхэлъэдэж МэлкIапэ псы бгъунжым и къуэпсхэр къыщожьэ. Мы Iуащхьэм къегъэщIылIа Iэгъуэблагъэр Кавказ къэрал биосферэ мэзгъэфIэным и щIыналъэм хеубыдэ. «Iэбагъуэкlэ» йоджэ а бгым къедза шытхми, и бгъуитIымкIэ щыIэ хъупIэхэми.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **КIуэкIуэ Джэмалдин** «Адыгская (Черкесская) топонимика» зыфIища и тхылъым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, «Iэбагъуэ» фIэщыгъэр Iыхьитlу зэхэлъщ: «Iэ»-рэ «багъуэ»-у, «Iэщыр щагъэбагъуэ», «Iэщым лы щащI» мыхьэнэхэр къарыкIыу. ФIэщыгъэр япэщIыкIэ зытеIукIауэ хуагъэфащэр мы щIыпIэм щыпэрыхьэт хъупIэхэращ.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ яIэщ щIыпIэцIэхэр джыным куэд щIауэ дихьэх, Адыгэ Республикэм щыщ щIэныгъэлI **Мэрэтыкъуэ Хьэжкъасым**, «Кавказым и топонимикэ псалъалъэ» тхылъ гъуэзэджэр къыдэзыгъэкIа **Твёрдый Александр**, «Кубаным и топонимикэм теухуа очеркхэр» лэжьыгъэ купщIафIэр дунейм къытезыгъэхьа **Ковешников Владимир** сымэ, нэгъуэщIхэми.

**АБАЗОКЪУЭ Болэт.**



Адыгэ Республикэ. «Iэбагъуэ» цIэр зезыхьэ хьэщIэщыр.



Жыжьэу къэлъагъуэр ТIыгрэ Iэбагъуэрэщ.

# 2017 гъэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ



**Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр иджыблагъэ къыхураджащ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм теухуауэ 2017 гъэм ягъэхьэзырыну нэтынхэмрэ тхыгъэхэмрэ нэхъ купщIафIэу къызэрагъэпэщыну.**

А IУЭХУМ щытепсэлъыхьащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и гуэдзэну къызэрагъэпэща «Кавказым щIыуэпсымкIэ и центр» зэгухьэныгъэм и япэ зэIущIэм.

Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI икIи репортёр **Щугорев Дмитрий** гу зэрылъитамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм теухуауэ федеральнэ, щIыналъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм иужьрей зэманым ягъэхьэзыр нэтынхэмрэ тхыгъэхэмрэ ди щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным, экологием щыхуэсакъыным пыщIа Iуэхугъуэхэр нэхъ щызэпкърахыу къаублащ, зэрыщыту къапщтэмэ, фIы нэхъыби щыхужаIи хъуащ.

- ЩIыуэпсым и щытыкIэр зыхуэдэр къэзыгъэнаIуэ тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ медиа IэнатIэм щылажьэхэм мыхьэнэшхуэ ират зэрыхъуам дыщогуфIыкI, - къыхигъэщхьэхукIащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ **Ведерников Михаил**. - Дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъынымрэ цIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпсыр хъумэнымкIэ Кавказым «езым ейуэ щыт» зэгухьэныгъэ къызэрыщызэрагъэпэщар мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ.

Ведерников Михаил къелъытэ Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зи гугъу тщIы Iуэхущ1апIэм къыхилъхьэ проектыщIэхэм гулъытэ хэха хуащIыпхъэу.

- «Кавказым щIыуэпсымкIэ и центр» зэгухьэныгъэр щIэгъэкъуэныфI хъунущ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьынымрэ Кавказ Ищхъэрэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ и щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, - жиIащ а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Казиев Сааду**. - Экономикэм и IэнатIэ куэдым, туризмэри



хэту, я зыужьыкIэр елъытащ щIыуэпсым и щытыкIэр зыхуэдэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и къызэрымыкIуэ дахагъэхэр хъума зэрыхъуамрэ. Ди IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр псом япэу зыхуэгъэзауэ щытынур щIыналъэм и къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ къызэтегъэнэнырщ, щIыуэпсым хуэсакъыным цIыхухэр къыхуеджэнырщ.

Казиев Сааду и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым «Кавказым щIыуэпсымкIэ и центр» зэгухьэныгъэр йолэжь «азиегупэ леопард» (щомыщ къуэлэн) лIэужьыгъуэр зэфIэгъэувэжыным, домбейхэр (европей зубрхэр) щрагъэтIысыкIыжа щIыпIэхэм щыгъэбэгъуэжыным, Адыгэ Республикэм чэщей мэз тIыпх закъуэу къыщызэтенам зыкъегъэужьыжыным, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу, IуэхущIапIэм щылажьэхэм я мурадщ Каспий псы хъурейм хаутIыпщхьауэ щыта тюленым, Хы ФIыцIэм хэс хыкхъуэхэм, «эйзенам» бдзэжьей къуэлэным хуэдэ псэущхьэ гъуэтыгъуей хъуахэр хъумэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэри ирагъэкIуэкIыну.

- «ЦIэхэр фIэзыщыр Урысейм щыпсэухэращ» («Россия называет») медиа проектыр и кIэм нагъэблэгъащ. Кавказ Ищхъэрэ биосферэ мэзкъуэдым щрагъэтIысыкIа щомыщ къуэлэнхэм фIащыну къагъэлъэгъуа цIэхэр мини 10-м щхьэдэхащ. УФ-м щыпсэухэм ящыщу, цIыху мин 25-м Iэ зыхуаIэтахэр хэIущIыIу ящIащ. Зи гугъу тщIы проектым хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, ди къэралым ис дэтхэнэри щIыуэпсыр хъумэным зэрыхуигъэушэм къыхэкIыу, - къыпищащ и псалъэм Казиев Сааду.

**БЭРАУ Бышэ.**

# «Къущхьэ» - «къурш»

**Адыгэ лъэпкъхэм ящыщу беслъэнейхэр Псыжь адрыщIкIэ щежэх Инжыдж, Уарп, Лабэ псышхуэхэм я Iуфэхэм Iусыгъащ, нобэми аращ. КъухьэпIэмкIэ гъэза я щIы кIапэм кIахэ адыгэхэр зытеса я щIыгур гъунэгъубзэу къеуалIэу щытыгъами, я псэлъэкIэр къэбэрдейхэм къэдгъэсэбэпым нэхъ пэгъунэгъущ.**

ИтIани, гъэщIэгъуэныракъэ, мис а беслъэнейхэм (кIахэ адыгэхэм я гугъу тщIыххэнкъыми) иджыри къыздэсым яIэкъым бгыщхьэ аранэхэмрэ къыр сыджхэмрэ дэ яхужытIэ «къурш» псалъэр, къагъэсэбэпыр «къущхьэ» жыIэгъуэращ.

### Си цIыкIугъуэм ирихьэлIащ

ДыгъафIэ махуэрэ гъэмахуэ бжьыфIэу, школми дыкъаутIыпщауэ, псыхъуэм зыщызыгъэпсэхуну гукъыдэж зыщIа балигъхэм ныбжьыщIэ цIыкIухэр гъусэ дызыхуащIат. ДыздэкIуам нэгъуэщI зы гупми дащыIущIащ. НыбжькIэ зэхуэхъухэр дызэбгъэдашэри, дызэрагъэцIыхуащ. Адрей гупым зы щIалэ цIыкIу яхэтт, щIыпIэ жыжьэ къикIауэ. ЗэрыжаIамкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым ит Беслъэней къуажэм щыщт. Тыншу дызэрызэдэуэршэрым гу лъатати, балигъхэм лъэныкъуэ зрагъэзащ.

А махуэм цIыхугъэ схуэхъуа ныбжьыщIэм и адыгэбзэр телъыджэ сщыхъуащ, алъандэрэ зэхэсхари сызэсари къэбэрдей жыIэкIэрати. Дыкъэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм и гугъу щыхуэсщIым, сеупщIащ: «мо къуршхэм хуэдэ фи щIыпIэхэмкIи щыфлъагъурэ?» - жысIэри. СызытепсэлъыхьыР къызэрыгурымыIуар щыслъагъум, згъэщIэгъуащ! Зи гугъу сщIыр къыхуэмыщIэу къыщеплъэкIым, аргуэру: «модэ мо къуршхэм хуэдэ?» упщIэм къытезгъэзащ, си IитIым языхэзыр а лъэныкъуэмкIэ сшийри. Асыхьэтуи, хьэщIэм и жэуапыр згъэщIэгъуащ: «мо къущхьэхэм хуэди? Ае! ЩыIи...» Абы щыгъуэщ япэу щызыхэсщIар «къущхьэ» псалъэм «къурш» мыхьэнэ иIэнкIэ зэрыхъунури...

**ЛЪАГЪУЭРЫКIУЭ Шухъыжьэ.**

● Фэ фщIэрэ?

## «Къуэ» псалъэм къытепщIыкIахэр

**Къуэ** - кууэ псым диха щIыналъэ, уэх;
**КъуэтIыхь** - быдапIэм и хъуреягъкIэ Iуащхьэ лъагэу зэтетхъуауэ къекIуэкI шытх, быдапIэр къызэратIыхь къуэ;
**КъуэтIыгъэ** - (жьы хъуа псалъэщ) - зыгуэрым и кIыхьагъкIэ ирикIуэу датIыкIа щIытI;
**Къуэшыхь** - кууэ дэкI къуэм и кIэух, и лъэныкъуитIымкIи джабэ къыIуту;
**Къуае** - къуэ дыхьэгъуей;
**КъуакIэ, къуэкIий** - къуэ дэха, дэуда;
**Къуащхьэ** - къуэ, къуэкIий дэкIыр ищхьэхэмкIэ щиух щIыпIэ;
**Къуэдэгу** - къуэ куу, къуэ Iэуэлъаунэшэ;
**Къуэдыдж** - къуэ зэв куу, щыхупIэ куу;
**КъуэкIий нэф (къуэнэф)** - псым диха къуэладжэ зэв, даущыншэ;
**КъуакIэ** - Iузэу, чэнжу дэха уэх, къуэ;
**КъуакIэбгыкIэ** - тафэу щымыт, къуэ, бгы куэду здэщыIэ щIыпIэ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**

# Хэт и гугъэнт?!

**ЗыхищIыкIыу щымыта, зэи зытемыплъа щIыпIэ телъыджэ гуэрхэр здэщыпсэум пэмыжыжьэу зэрыщыIэм цIыхум гу лъезгъэтэн сфIэфIщ. ИкIи ар инэхъыбэм къызохъулIэ.**

СИ АНЭШЫР зыдэс Хьэтуей къуажэм мэрем махуэм и пщыхьэщхьэу секIуэлIэжат. Зи ныбжьыр илъэс 92-м нэблэгъа Бэрау Хьэсэнрэ си анэмрэ зэкъуэшитIым я бынщ. Пхъурылъхум къыхуащта Iэнэм дыпэрысу, зыкъызэкъуэсхри Хьэсэн и къуэ нэхъыщIэ Заурбий есIуэкIащ Хьэтуей къуажапщэм адэкIэ щыIэ ныджэ нэщI кIыхьышхуэм и къуапэ дыдэм, иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэр къызэкIуалIэм, зыщысплъыхьыну «си нэ къызэрикIыр».

Щыгъуазэ сызэрыхуащIрэ зэпымыууэ згъэщIагъуэрт, Хьэтуей ипщэкIэ километрих хуэдизкIэ удэкIуеижмэ, осетин къуажэ цIыкIу гуэрым узэрыщыхуэзэри, абы гъунэгъу дыдэу убгъэдыхьэпами ди республикэм и щIыналъэм уиту укъызэралъытэри, псыхъуэ лъэныкъуэмкIэ къэлъагъуэ жыг гуэрэныбэм адыгэхэр ноби «КъалэжьмэзкIэ» зэреджэри.

А псом къыдэкIуэуи сыщыгуфIыкIырт къуршым кърагъэIэпхъуха осетинхэм Урыху и тIуащIэм щыхуагуэша щIы Iыхьэхэм Лэскэн лъэныкъуэмкIэ щыIэ ШыгуэбыкъуэмэзылъэкIеймрэ абы и дыхьэпIэр «зыхъумэ» Чац и Iуащхьэмрэ зэрыхрамыгъэубыдам.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэ, математик Мамхэгъ Астемыр адыгэхэм я тхыдэр джыным куэд щIауэ дехьэх. Куэд щIакъым абы кIэщIу щыгъуазэ сызэрыхуищIрэ осетинхэм а лъэныкъуэмкIэ щIы Iыхьэхэр зэрылъагъэса щIыкIэм. Мамхэгъым жиIэм тепщIыхьмэ, зи гугъу тщIы щIыгур къэбэрдеипщ КъуэгъуэлъкъуэхэзэгуэрымяIыгъащ. Ар абыхэм хупаупщIауэ щытащ Осетие жыжьэм щыIэ Даргавс жьанэм къыдагъэIэпхъукIауэ щыта осетинхэм. Арагъэнущ, Хьэтуей нэхъ къыпэгъунэгъу осетин къуажэ цIыкIум (Средний Урух) адыгэхэр «ДыргъыпскIэ» щIеджэри.

### ГукъэкIыж

Сэ, зыкъэсщтэжынщи, а лъэныкъуэмкIэ тIэкIу нэхъ ипэIуэхэми сыдыхьауэ щытащ. Зэгуэрым, лъакъуэрыгъажэ сытесу къуажэ зэхуакухэр къызэхэзжыхьырт. Дыргъыпс къуажэ цIыкIум сыкъыщыдэжыжым, асфальт гъуэгум тесIуэнтIыкIри ныджэмкIэ дэздзыхащ. Машинэ лъэкъуампIэхэм хаша «лъагъуэ» закъуэм си нэхэр теплъызауэ сыздрижэм, жыг гуэрэныбэ къэлъэгъуам псалъэмакъ гуэрхэр къыхэIукIащ, зэщIэжьууэжхэрэ нэжэгужэ защIэу.

«Мы сызрихьэлIахэр хэт сымэу пIэрэ?!» - сигукIэ жысIэжурэ сыкъэувыIащ. Асыхьэтми гу лъыстащ гъуэгунапщIэ Iуфэм къегъэщIылIа фэху тIэкIум щызэрагъэпэща «тхьэрыкъуэф» Iэнэм цIыхухъуи бзылъхугъи, сабийхэри ящIыгъуу, зэрыбгъэдэтми, псалъэмакъыу къэIухэр зэрыадыгэбзэми.

Анэдэлъхубзэм сыщыгуфIыкIами, щIалэхэм ящыщ зыр къэсцIыхужами, сызрихьэлIа гупым сахэмыхьэмэ нэхъыфIу къэслъытащ. А псори си щхьэм зэуэзэпсэу зэригъэзэхуащ. ИкIи, сызрихьэлIахэм гу къыслъамытэмэ нэхъ къасщтэу, а щIыпIэм къыIузгъэкIэрэхъукIыжауэ щытащ. ИужькIэ, зэманыфI дэкIауэ, «Къалэжь мэзым» сызыщыхуэзахэр хэт сымэми, щIызэхуэсауэ щытам и щхьэусыгъуэми щыгъуазэ сыхуищIауэ щытащ хьэтуейдэс, Бэраухэ я малъхъэ, ХьэщIэлIхэ я къуэ Заур (арат а гупым яхэту къэсцIыхужауэ щытари).

### Заурбий къытохьэ

Бэраухэ я дежкIэ къедгъэзэкIыжынщи, а пщыхьэщхьэм къесхьэжьа псалъэмакъым анэш къуэшыр зэрыдезгъэхьэхыным яужь ситу, сэмэркъэу щIыкIэу къыхэздзащ: «Урыху псыхъуэ и мыдрыщIкIэ республикитIым ди щIы кIапэхэр зэрыщызэпыхьэ щIыкIэм хэпщIыкIышхуэ щыIэу къыщIэкIынукъым уэри!» - жысIэри. Апхуэдэ псалъэм ар, дауи, къызэщIигъэнащ икIи къыкIэлъыкIуэ махуэм нэхъ фIимыгъэкIыу «щIыпIэзэгъэлъагъу» и машинэмкIэ дригъэжьэну сыкъигъэгугъащ. Сэри Iуэхум и зыужьыкIэм сыщыгуфIыкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм и пщэдджыжьыпэм, зэгурыIуаитIым, зилъэфыхь лей къыхэдмыгъахуэу, зыкъэдужьащ. Къуэшым и къуэ цIыкIу Мирхъан, зи ныбжьыр илъэси 9-м нэблэгъар, «кIуэ, абыи зыгуэрхэр илъагъунщ икIи теунщ» жыхуэтIэ щIыкIэу, гъусэ къэтщIри нэху дыкъыщекIа хьэблэм дыкъыдэкIащ. Машинэзехуэр ЗаурбийтI, «гухъум» ищхъэрэкIэ щригъэзыхым сыхуеплъэкIащ.

- Чау Хьэчим, гъусэ къытхуэхъумэ зэригуапэр къыхигъэщащи, къыздэтщтэну къуажэкумкIэ дох, - жиIащ си къуэшым зэкIэлъигъэпIащIэу, зэрызыхуезгъэзэкIам и жэуапу.

- ЩIыпIэ мыцIыхукIэ доунэтIри, тIэкIу дыехьэехуэмэ нэхъыфIщ! - пэздзыжащ сэри си къуэшым.

Чау Хьэчимрэ Бэрау Заурбийрэ Хьэтуей дэт курыт школым зы класс зэдыщеджащ икIи къыщызэдаухащ. Сэри а щIалэр, Хьэчим, цIыхугъэ зэрысхуэхъурэ зэманыфI дэкIати, нызэрыддежьэм сыщыгуфIыкIащ.

А тIэкIур си щхьэм зэригъэзэхуэну сыхунэсагъэнтэкъым, Чаухэ я пщIантIэм хуэзанщIэу, уэрам зэвым и адрей лъэныкъуэмкIэ щызэхэт жыг цIырхъ зытIущым дызэрыс «гъущIыгур» щеткъузылIам.

ДыздыIухьам дыщIызыпигъэплъэжыр къызгурымыIуащэу япэщIыкIэ сызэгуэпами (машинэм уримыгъэсу, дунейр хуабэвэхт), гъуэмылэ къэугъуеиным щIалэр яужь зэритыр Заурбий къыщызиIуэкIым, сызэтесабырэжащ. ИкIи Чаур къыдэкIыу къыдихам дыщыIуигъаплъэм, и куэбжэм дызэрыщызыпигъэплъэжар «хуэдгъэгъуащ». Псом я лейуэ дыщыгуфIыкIащ осетин унагъуэм кърахауэ зыхужиIа дэлэн зэмылIэужьыгъуэхэмрэ махъсымэ теплъэ зиIэ фадэ пIащIэ зэрыт бащырбэмрэ - Хьэчим и щхьэгъусэр Осетием къызэрыришрэ куэд щIами, щыкъу шхыным ахэр щагъащIэртэкъым.

### «Дыргъыпсыр» ди гъуазэу

Хьэтуей къуажапщэм блэж къэрал федеральнэ трассэр зэпыдупщIри, ипщэ лъэныкъуэмкIэ дэзыгъэзей гъуэгум дытехьащ.

Сэнтх кIыхьым дыкъытехутауэ дыздэжэм, ныджэ бгъуфIэшхуэр зи «гущапIэ» Урыхужь и дауш макъыр сэмэгурабгъумкIэ къыщыIурт, дыгъэр къулъшыкъупIэм иува къудейуэ, махуэм зэрызыкъиужьа щIагъуэ щымыIэми, хьэуа къызэщIэплъам жыжьэу къэлъагъуэ бгы лъагэхэм я аранэ дзакIэжьхэр «зэщIигъэхъаерт», губгъуэ гъуафэу дызыбгъурыжми хуабаер къыхицыцыкIырт.

«Дыргъыпс» осетин къуажэ цIыкIум ищхъэрэкIэ гъэза и къуапэ дыдэм деж Осетие Ищхъэрэ - Аланием и ГИБДД-м къыщызэригъэпэща и хэщIапIэм и пащхьэ дыдэм деж сэмэгу лъэныкъуэ зытщIри, машинэ лъагъуэу къыхэлъагъукIымкIэ дыунэтIащ.

Дыкъызэрехам хуэдэу захуабзэу къуэкIий дыхьэпIэм нэс дежэхын сфIэщIами, зы мащIэ тIэкIу фIэкIа дымыкIуу гъуэгу нэхъыщхьэм бгъунж зищIащ. Гублащхьэм дэсыр къуэшыр арати, «абыкIэ умыгъэзэн пхуэфIэкIынукъэ?» - сеупщIащ. «НэгъуэщI кIуапIэ иIэ атIэ мыбы?» - къызитыжащ жэуапыр Заурбий.

СэмэгумкIэ езыIуэнтIэкIа гъуэгум «хуэшэмэджыпэу» ижь лъэныкъуэмкIэ зыкърагъэбэжри, уэхым тпыIукIуэтауэ итлъагъуэ жыг гуэрэныбэм хуиунэтIащ. НэпкъитIым лэдэхыу дыхьэ мывалъэ джабэ нэкIум зэрызедгъэщэтэхыу, Урыхужь и псыIум дыкъыIухутащ.

- ПщIэжрэ, мыбдежыращ уэрэ сэрэ, ди къуэш Артури ди гъусэу, зэгуэр дыкъыщыувыIауэ щытар, кIуэ зыкъом дэкIагъэнщ абы лъандэрэ, - жиIэри, Заурбий зыкъысхуигъэзащ, машинэр къызэригъэувыIэуи, дыкъызэрихащ.

АрщхьэкIэ, дыкъыщIежьар - Осетиемрэ Къэбэрдеймрэ я иджырей гъунапкъэр Урыхужь и псыхъуэм зэрыщыхагъэунэхукIар зэгъэлъагъуныр - зэдгъэхъулIа щIыкIэтэкъыми, ипщэр си гъуазэу, абыкIэ зыздзащ.

Лъэбакъуэ щитI хуэдиз зэрыскIуэжу, зыхэсщIащ теплъэгъуэу зыкъызэкъуэзыххэмкIэ а лъэныкъуэр зэрынэхъ дахэри, бжьэпэ кIащхъэм декIуэкI жыгышхуэхэм я лъабжьэм ущетIысэхынкIэ зэрынэхъ зэгъэри. Нэпкъым гъунэгъубзэу псыри щешкIурэхырт.

АрщхьэкIэ, абдежми сыкъызэрыщымыувыIэнур сигу пхъэрамкIэ къызгурыIуэжырти, нэхъ ипщэжкIэ сыдэкIуеину сыпIэцIеижми, «си гъусэхэр къыздыщызнам димыхьэх щIыкIэ», - жысIэри, къыздесшэжьэн мурадыр сиIэу езгъэзыхыжащ.

СыздыIухьэжам си гъуэгуэгъухэм ягу хэмыхьарэ зыщаплъыхьу сащрихьэлIэжати сыгуфIащ икIи, «нэгъуэщI жердэм къыхамылъхьарэт» гупсысэр къысфIытекIуэри, сажьэхэмыхьапэ щIыкIэ «сыздэщыIамкIэ фынакIуэт!» жысIэри, сегуоуащ. Макъ гушхуар зэрызэхахыу, псоми сыздэщыIамкIэ зыкъыздрачащ.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, япэу дыкъыщыувыIа щIыпIэм щыщIагъэ гуэрхэр иIэ хъуат: махуэ зыбжанэ ипэкIэ къешха уэшхышхуэм сэтей щIыгур зэщIилъэсат, гъуэфылъи гъущапIи къимыгъанэу зэхифыщIат. ЩIы щхьэфэр тIэкIу тегъущыкIыжа хуэдэу къыпщыхъуми, дыгъуасэ хуэдэм шэдылъэу зэрыщытар нэрылъагъут.

Зыкъызэкъуэзых теплъэгъуэр нэхъ зэгъыу икIи нэхъ Iуплъэгъуафlэу зэрыщытыр си гъусэхэми къалъэгъуащ. «Мобдежым дыкъыщыувыIэ хъунукъэ?!» жыхуаIэ щIыпIэхэми даблэжри, хуей теплъэ зиIэ щIыгу хъуреишхуэм дилъэдащ...

Зытплъыхь защIэурэ дыщыдэкIуэтейм, Дыргъыпс къуажэ цIыкIум и нэзым дызэрыфIэкIами, ар зытес бжьэпэм и лъабжьэм дыкъызэрыщIэхутами гу лъытащ. «Мыр дауэ, Осетием я щIым дит?» - гупсысэр ди щхьэм къиищхьэрыуэри, щтэIэщтаблэу дызэплъыжащ. Абдежым дыкъыздыIухута щIыпIэр нэхъ дахэжу къэтлъытащ: псыри гъунэгъубзэу блэжырт, дакъэжь мафIэ здэщыпщI хъун нэпкъ зэлъыIухам пхъэбгъу зэIузэпэщхэм къыхащIыкIауэ щIэщI дахэкIей тетт...

Абдежым, тпэмыжыжьэ дыдэу, трактор-машинэ макъхэр къэIуащ. Ахэр гъунэгъу къыщыхъум, зекIуэ гъуэгуанэ зэдытехьа гупыр дызэплъыжащ. КъикIа щIалэхэм къызэрыдгурагъэIуамкIэ, КъуэгъуэлъкъуейрэХьэтуейрэ щыщ хьэрычэтыщIэхэм а щIыпIэм ухуэныгъэ гуэрхэр щрагъэкIуэкIыу арат.

- Си фIэщ хъунтэкъым, псым адэкIэ зыкъыщызыIэт мэзылъэ шытхым тIуащIэр зэв дыдэ щищIым нэсыху мыдрыщIкIи адрыщIкIи щызэпэщылъ щIы кIапэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм храгъэубыдауэ, - зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, къызыпхигъэIукIащ абдежым Заурбий.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



Урыху псыхъуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей гъунапкъэм деж.



«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Къумахуэ Аслъэн.



Чау Хьэчимрэ Бэрау Заурбийрэ.




● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### ШэкIэ щIа хугу хьэнтхъупс IэфI

Хугу лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящIри, дакъикъи 10-12 хуэдизкIэ ягъавэ шыуанышхьэр тепIауэ, зэзэмызи тхъурымбэр къытрахыурэ.

ИтIанэ шэ гъэпщта щIакIэ, фошыгъу халъхьэри, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр щабэ ящIри, зэзэмызэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ.

Iэнэм фалъэм иту пщтыру трагъэувэ, тхъуцIынэ халъхьэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** псыуэ - г 200, хугуу - г 50, шэуэ - г 450-рэ, фошыгъуу - г 15, тхъуцIынэу - г 25-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### Адыгэ къэб цIынэ, фо икIауэ

Къэбыр ятхьэщI, гъущэу ялъэщIыж, и кIым деж и щхьэр хъурейуэ щыщхьэщагъэж, и кIуэцIым илъхэр кърах, абы изу фо иракIэри къыщхьэщагъэжар тралъхьэж, щIыIапIэ ягъэуври, къэб кIуэцIым фор хыхьэху щагъэт. Къэбыр хьэзыр щыхъуам и деж и кIуэцIым ит фор гъуэжьыбзэу, къэб шыпс Iувым ещхьу, щытщ. Апхуэдэу хъуа фори къэбри зэрызэхэлъу абдж хьэкъу-щыкъум иракIэри, и щхьэр тепIауэ щIыIапIэ ягъэув. Ар жьы зыхуримыкъухэм, зи тхьэмщIыгъу узхэм я дежкIэ хущхъуэфIщ: бжэмышх изурэ гунэщIу махуэм щэ ираф.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

# Тыгъэ

## Новеллэ

НЭХУ ЗЭРЫЩРЭ уэс къос! ЩIымахуэр къихьа къудейми, мазищми и щIыхуэр нобэ уэсым зытригъэкIын хуэдэщ. Дунейр щIыIэтыIэщи, унэм ущIэкIынуи ухуейкъым. ИтIанэми, нобэ сигу ислъхьа Iуэхухэр зэфIэзмыгъэкIмэ, мы тхьэмахуэм апхуэдэ хущIыхьэгъуэ сызэримыIэжынур сщIэрти, сыкъэтэджауэ зызохуапэ. Ауэ си Iэпкълъэпкъыр ерагъкIэ гъуэлъыпIэм къисхами, си псэр иджыри мэжей. Кофе пщтырым сыкъигъэбэдзэуэжа нэужь, си сумкэр къасщтэри, унэм сыкъыщIэкIащ.

ИлъэсыщIэр къызэрыблагъэм и щыхьэту, къалэр ихъуреягъкIэ гъэщIэрэщIащ. ДэнэкIи лентI зэмыфэгъухэр фIэлъщ, уэрамым ирикIуэ псейхэр уэздыгъэ щхъуэкIэплъыкIэ цIыкIухэм ягъэлыд. ЦIыхухэм, сыт щыгъуи хуэдэу, насыпрэ гуфIэгъуэкIэ щыгугъыу ИлъэсыщIэм зыхуагъэхьэзыр. Сэри арат, нобэ зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытми, унэм сыдэмызагъэу сыкъыщIыдэкIар. Балигъ сыхъуу лэжьэн зэрыщIэздзэрэ, хьэл схуэхъуат фIыуэ слъагъу цIыхухэм ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу саугъэт цIыкIухэр яхуэзгъэхьэзырыныр. Ахэр абы зэрыщыгуфIыкIхэр щыслъагъукIэ, хур хъыджэбзу зыкъысщыхъужырт. Псом хуэмыдэу, сфIэфIщ сабийхэр згъэгуфIэн. Си ныбжьэгъухэм, си благъэхэм я сабийхэм къахухэсхыну саугъэтхэм сегупсысурэ, сыщIыхьащ цIыкIухэм папщIэ хьэпшып Iэджэ зыщIэлъ тыкуэным.

Къупщхьэ гуащэ, машинэ цIыкIу, топ, фоч... Сатыр къэс щыплъагъу хьэпшыпхэр зым нэхърэ адрейр нэхъ гъэщIэгъуэнщ. А псом сащеплъкIэ, сабиигъуэм и лъапсэм сыкъыщыхутауэ къысфIощI. Сызыхуей хьэпшыпхэр къэсщта нэужь, сабий щыгъынхэр щащэ сатырым хуэзунэтIащ. Сэ сыт щыгъуи согъэщIагъуэ балигъхэм я щыгъынхэм нэхърэ сабийхэм ейр нэхъ дахэу зэрадыфыр.

Сатырым сымыпIащIэу срокIуэ. Си нэгум щIэтт мушкетёр щыгъынкIэ къэзгъэгугъа щIалэ цIыкIур. Ар а тыгъэм зэрыщыгуфIыкIынур си нэгу къыщIэзгъэхьэурэ, мащIэу сыпыгуфIыкIырт. СызылъыхъуэкIэстумыр мыгувэу къэзгъуэтащ. Ар къызэзыща хъыджэбзым, сыхуеймэ, саугъэтым хуэдэу зэрызэкIуэцIилъхьэфынур къызжиIащ. Ауэ, абы зэман хуейти, кассэм деж сыщымыту, адэкIэ щыгъынхэм сахэплъэну мурад сщIащ. Лъэпэд, вакъэ, пыIэ, кIэстум... ДэнэкIи щыгъунэжщ, къыхэх закъуэ!

Ауэ си нэр зытенар щыгъынхэратэкъым, атIэ сызытет сатырым и кIэм деж щыт хъыджэбз цIыкIурат. Ар бгъэдэтт хъаныпхъухэм яхуэфащэу къэплъытэ хъуну бостей хужь дахэм. Хъыджэбз цIыкIур илъэсипщIым итыгъэнт, и щхьэц фIыцIэ утIэрэза цIыкIухэм къупщхьэ гуащэм ещхь ящIырт. Тыкуэным цIыхур щIэзт, дэнэкIи лъэ макъ, Iэуэлъауэ къыщыIурт, ауэ абы зыми гу лъитэ хуэдэтэкъым. Хъыджэбз цIыкIум дежкIэ иджыпсту щыIэр а зырат, икIи и Iэ цIыкIухэр абы иригъажэрт. Мис апхуэдэ нэкIущ цIыхум иIэр, зыхуейр къыщылъымысым деж!

- Линэ, - къыбгъэдыхьащ абы и анэр. – Щхьэ зыкъэзбгъэлъыхъуэрэ? НакIуэ, бостей гуэрым уезгъэплъынущ...

- Мамэ, - жи а цIыкIум. - Мис, къэзгъуэтащ сызыхуей бостейр. Мыбы нэхъ дахэ мы тыкуэным щIэлъкъым...

Ауэ анэр бостейм и уасэм еплъри, абы нэхъ дахэ щымыIэми, ар иджыпсту къызэрыхуэмыщэхунур къыщыгурыIуэм, нэщхъей къэхъуауэ, пхъум зыхуигъэзащ:

- Линэ, уэрэ сэрэ дызэгурыIуатэкъэ?! Иджыпсту ди ахъшэм къыщIэкI къыдощэхури, иужькIэ ахъшэ нэхъыбэ дыщиIэм деж иджыри зы къэтщэхунщ.

Анэм и псалъэхэр игу иримыхьыщами, абы и жагъуэ имыщIын щхьэкIэ, бостейм иджыри зэ хуеплъэкIыжри, Линэ цIыкIур и анэм и ужь иувэжащ.

Си гур къызэфIэнауэ сыщытт! Ди гъащIэм гъэщIэгъуэну Iуэху куэдым къыщытрегъэзэж. Зэуэ си нэгу къыщIэувэжащ, илъэс тIощI ипэкIэ апхуэдабзэу бостей хужьым еплъу тыкуэным щIэта хъыджэбз цIыкIур... ИлъэсипщI сыхъуу арат абы щыгъуэ. ИлъэсыщIэр къэблагъэрт. Ди классым абы ирихьэлIэу спектакль цIыкIу игъэувыну и пщэ къыдалъхьат. Дэ дгъэхьэзырат хъаныпхъухэм, хъаныкъуэхэм ятеухуа таурыхъхэм я зым къытетщIыкIа спектакль кIэщI цIыкIу. Ди классым нэхъыфI дыдэу еджэу щIэсыр сэрати, абы къыхэкIыу хъаныпхъум и ролыр къыслъагъэсат. ИлъэсипщIым ит хъыджэбз цIыкIум дежкIэ ар щIыхьышхуэт. Сэ къысщыхъурт си бостейм нэхъ дахэ зыщыгъ щыIэн хуэмейуэ.

МахуитI дэкIмэ, ди спектаклыр къэдгъэлъэгъуэнути, мамэрэ сэрэ тыкуэным дыкIуащ бостей къэтщэхуну. СызэрыщIыхьэуи къэслъэгъуащ ар! КъупщхьэмкъыхэщIыкIа хъыджэбзым щыгът си нэр зытена бостейр! Ар хужьыбзэт, щэкIым къыхэщIыкIа удз гъэгъа цIыкIухэм ягъэщIэращIэрт. Сытым хуэдэу дахэ сыхъунут, ар сэ сщыгъамэ!

- Мамэ, - седжащ си анэм. – Къэзгъуэтащ сызыхуей бостейр, нэгъуэщIхэм зыми уемыплъ.

Ауэ анэр апхуэдэу египсысыртэкъым. И бохъшэм дэлъ ахъшэр къибжри, абы жиIащ:

- Ленэ, нэгъуэщI бостей къыхэдгъэх. Иджыпсту мамэ апхуэдиз ахъшэ иIэкъыми аращ. Ауэ адрей мазэм улахуэр къызэрызату, дыкъэкIуэнщи, къэтщэхунщ. Хъункъэ, си хъыджэбз цIыкIу?!

Анэм и жагъуэ сымыщIын щхьэкIэ, хъунщ, жысIэри, нэгъуэщI бостей къэтщэхуащ. Ари дахэт, мыщIэкIэ гъэщIэрэщIат, ауэ адрейм апхуэдизкIэ сехъуэпсати, зыми си гур хыхьэжыртэкъым. Тыкуэным дыкъыщыщIэкIыжым, иджыри зэ сыхуеплъэкIыжащ бостейм. Мамэ си щытыкIэм гу лъимытэу, дауи, къэнатэкъым. Ауэ, абы а бостейр къызэрысхуимыщэхуфар игу къызэреуэнур сщIэрти, зыри жысIакъым. Унэм дыкъэкIуэжыхуи, а пщыхьэщхьэми сегупсысащ абы. Си нэгум щIэкIыртэкъым удз гъэгъа цIыкIухэм ягъэщIэращIэ бостей зыкъизыхыр.

ЕтIуанэ махуэм школым сыкъикIыжа нэужь, мамэ гуфIэу къыспежьащ:

- Ленэ, иIэ, псынщIэу шхэ, уи бостейр къэтщэхуну дыкIуэнущ тыкуэным!

А псалъэхэр апхуэдизкIэ гуапэ сщыхъуати, сышхэнуи сыхуеижтэкъым. Ахъшэр къыздрихамкIи сыщIэупщIэну сигу къэкIакъым. Бостейр зыфIэлъым къыфIахыу щыстIэгъэху сыпIащIэрт. Си нэхэр уэздыгъэ цIыкIум хуэдэу лыдырт, си нэгум гуфIэгъуэр къищырт. Спектаклым сэ нэхърэ нэхъ дахэ хэмытауэ къысщыхъурт. Псом хуэмыдэу си классэгъу хъыджэбз цIыкIухэр абы къеплъу щыслъагъум деж, си гур къилъэтырт. Бетэмал, дамэ сиIамэ, сылъэтэнтэкъэ иджы! Абы и ужькIэ илъэс Iэджэ дэкIыжа нэужьщ къыщысщIар мамэ бэлъто хуабэ щхьэкIэ игъэтIылъа ахъшэмкIэ а бостейр къызэрищэхуар.

Мис иджыри апхуэдэ зы хъыджэбз цIыкIу! Абы зыкIи фIэмыгъэщIэгъуэн бостейр фIэзэшыгъуэу зэпеплъыхь. Сыту сыхуейт бостейм щеплъым а сабийм и нэгум къриха гуфIэгъуэм иджыпсту къытригъэзэжыну! Сэ къыхуэсщэхунут ар сыгуфIэжу, ауэ и анэм къызэрыщыхъунур сщIэркъым! Мыбы нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ гуэр къыхуэгъуэтын хуейщ! Зэуэ си щхьэм къихьа гупсысэм сыщыгуфIыкIыжу, тыкуэнтетхэм я зым селъэIуащ я нэхъыщхьэм къысхуеджэну...

ТЫКУЭНЫМ и нэхъыщхьэм и къуэдзэр зэанэзэпхъум ябгъэдыхьэри, яжриIащ:

- Фи махуэ фIыуэ! Нобэ ди тыкуэным акцэ щокIуэкI: щитIрэ етхуанэ щэхуакIуэм зыхуей дыдэ хьэпшып гуэр къыхихыну хуитщ! НобэкIэ ар фэращ. Абы къыхэкIыуи, апхуэдэ хуитыныгъэ фыдот.

Анэм зыгуэр жиIэным пэмыплъэу, Линэ цIыкIу щIэупщIащ:

- Бостейми хъуну?!

И бостей дахэр зэралъхьэным темыпыIэу ежьэ хъыджэбз цIыкIум иджыри зэ сыхуеплъэкIыжри, къэсщэхуа хьэпшыпхэр сIыгъыу тыкуэным сыкъыщIэкIыжащ. Ущысабийм деж насыпыфIэу зыкъэплъытэжын папщIэ, сыту мащIэ узыхуейр! Балигъ дыхъуа нэужь, апхуэдэу щхьэ дыщымытыжрэ?!

**ГЪУКIЭ Маринэ.**

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**Къэбэрдей лIыкIуэхэр.**
*Пасэрей урыс миниатюрэ. 1557 гъэ*

● Зы уэрэдым и хъыбар

# «НэфIыцIэ»

Мы уэрэдыр ди гъащIэм къызэрыхыхьэрэ илъэс блыщIым щIигъуащ. И къежьапIэ хъуар къыщыслъыхъуэм, срагъэдэIуащ абы и тхыдэм теухуауэ Къардэнгъущ Зырамыку плёнкэм тригъэтхэжа хъыбарым. Ар нэхъ гъэкIэщIауэ фи пащхьэ изолъхьэ.

«1945 гъэм, Хэку зауэшхуэр иухыу къэзгъэзэжа нэужь, Налшык дэт шхапIэхэм ящыщ зым сыщIыхьат си ныбжьэгъу щIалэ си гъусэу - щыжеIэ хъыбарым Зырамыку. - Абы щIэст зы пшынауэ щIалэ. ЛъэпкъкIэ ар татхэм ящыщт, Навахов Щамилт и цIэр. Мис абдеж япэ дыдэу абы игъэзащIэу «НэфIыцIэ» уэрэдым и макъамэр щызэхэсхащ.

1949 гъэм унафэ ящIащ адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыжын хуейуэ. ИкIи а гъэ дыдэм гъатхэпэм и 3-м Къэбэрдейм къуажэу итыр къызэхэткIухьын щIэддзащ. Джылахъстэнейм щедгъэжьауэ дыкъекIуэкIыурэ Куба дыкъэсауэ зи ныбжьыр илъэс 17-м ит Дал ФатIимэт пшынэкIэ дежьууэ мы уэрэдыр дигъэтхауэ щытащ. Ар радиом щIэх-щIэхыурэ къатын щIадзащ икIи цIыху куэд къытхуишащ: «Мы уэрэдыр дэращ зейр», - жаIэурэ. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. Зы едзыгъуэ зым итхрэ зыщIыпIэ щыжиIамэ, адрей къыкIэлъыкIуэр зэман гуэр дэкIауэ нэгъуэщIым щиусыжи щыIэт. Апхуэдэущ цIыхубэ уэрэдхэр зэраусу щытар.

1956 гъэм уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу ШэджыхьэщIэ Лолэрэ Къудей Фаризэтрэ зэгъусэу уэрэдыр ягъэзащIэу ирагъэтхри, радиом и гъэтIылъыгъэм халъхьащ. А зэманым къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым ущIэмыупщIэ ар зыгъэзэщIа уэрэджыIакIуэм я бжыгъэм!»

Илъэс 72-рэ зи ныбжь уэрэдыр нобэми щIэщыгъуэщ. Ар ягъэзащIэ ЗэшэкIуу Розэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, нэгъуэщIхэми.

**КIУНТIЫЩ-ХЬЭПЦIЭ Аннэ.**



**Шыгъуэ цIыкIуми и щхьэр ещI(ы)рэ,**
**Сэ хэт мыгъуэмэ зыхуэсщIыну.**
**Си НэфIыцIэми сытокIуадэ мыгъуэ, уей.**

**Лъагъуныгъэр мыдахагъэ,**
**Лъагъуныгъэр мыIеягъэ,**
**Си псэм IэфIурэ уилъэгъуащ иджы, уей.**

**Пшынэ макъыр гум сфIыхохьэ,**
**Псэм хыхьауэ лъагъуныгъэр**
**Уэ пхуэсщIатэкъэ, си НэфIыцIэ, жи, уей.**

**Бэлътоку кIапэр хызодыкIыр,**
**Си нэпситI(ы)ри къысфIыщIэкIыурэ,**
**Си НэфIыцIэр спагъэкIащ иджы, уей.**

**Услъагъуну си нэр къокIыр,**
**Услъэгъуами, си фэр покIыр.**
**СыптолIапэри, си НэфIыцIэ, жи, уей.**

**СыкъыщIокIри мазэм соплъри,**
**СыщIохьэжри согъуэлъыжыр,**
**Семызэгъыурэ нэху согъэщ иджы, уей.**

**Си НэфIыцIэри яфэдахэкъым,**
**ЩIалэ дахэри зыми ядэкъым,**
**Псэм фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ, жи, уей.**

**Сыдоплъейри, вагъуэр собжыр,**
**ЩIалэу щыIэр зэпэзвгъэбжи,**
**Си НэфIыцIэри къыслъывгъэс, мыгъуэ, уей.**

● ГушыIэ

### Щхьэр хъужмэ, ныбэр узыжынкъым

Индрис махуэ гуэрым Хъуэжэ деж кIуащ:

- Уа, Хъуэжэ, си ныбэр схуэбгъэхъужтэмэ... Дыгъуасэ кIапэ мывэрэ пхъэщхьэмыщхьэ цIынэрэ сшхати, ныбэ уз сищIауэ нэху щыху сигъэжеякъым, хущхъуэ гуэр уимыIэу пIэрэ? - жиIэри.

Хъуэжэ нэмэз щыгъэр къиштэри, зыгуэрхэр щэхуу къибжурэ, Индрис и щхьэм епщэу щIидзащ.

- Зи узыгъуэ кIуэдын, Хъуэжэ, си щхьэм лажьэ иIэкъым, си ныбэращ узэпщэнур, - жеIэ зи ныбэр къыхэлъадэ Индрис.

- Сызэпщэр сэ сощIэж. Ныбэм сыт и лажьэ, лажьэ зиIэр зэдэпшх хъунумрэ мыхъунумрэ зэхэзымыгъэкIыф щхьэращ. Щхьэр хъужмэ, ныбэр узыжынкъым, - жиIащ Хъуэжэ.

**МАХУЭ Iэлисэхь.**

● ЖыIэгъуэхэр

### Фо зиIэр нэгъуэщI IэфI мэлъыхъуэ

**♦Ер вы бжьакъуэм къикIыу жаIэ щхьэкIэ, ар къызэрыкIыр цIыху псалъэрщ.**
**♦ГъащIэм и IэфIагъым хуэдизи и дыджагъщ.**
**♦Ахъшэ и куэд щхьэкIэ, бохъшэ къыхуэщэхуртэкъым.**
**♦Мывэ хъурейр уи япэкIэ бгъэжэн хуей хъумэ, нэхъ цIыкIуу къыхэх, ущIегъуэжынкъым.**
**♦Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ, акъыл зыбгъэдэлъ.**
**♦Щхьэ зимыIэ цIыху щыIэкъым, акъылыр зыхуримыкъу гъунэжщ.**
**♦Мыхъуапсэу псэу щыIэкъым.**
**♦Фо зиIэр нэгъуэщI IэфI мэлъыхъуэ.**
**♦ЗэгурыIуэ здэщымыIэм сыт хуэдэ Iуэхури щыхьэлъэщ.**
**♦Сымаджэр узыншэм йохъуапсэри, узыншэр мылъкум щIохъуэпс.**
**♦«Пщэдей» псалъэр куэдрэ къыбжезыIэм укъигъэпэжыну ущымыгугъ.**

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр. **8**. Адыгэ сабийхэм папщIэ къыдэкI журнал. **9**. Сату щIапIэ. **11**.. Уи щхьэ мыузым ... иумышэкI. **12**. БгитI зэхуаку. **13**. ПхъэщхьэмыщхьэплъыжьцIыкIу. **16**. ГъэшхэкI. **17**. Скульптор цIэрыIуэ ТхьэкIумащIэ Михаил, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Теунэ Хьэчим, критик щэджащэхэу Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей, усакIуэ Къэжэр Пётр сымэ я къуажэ. **19**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **20**. Шым и кIуэкIэ. **21**. Жыг къэтIэпIам и нэщэнэ. **25**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящIэ. **26**. Къуажэ, псыежэх. **27**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **30**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь хьилэшы. **31**. Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **32**. Совет Союзым и ЛIыхъужьхэмрэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэмрэ ирату щытащ «Дыщэ ... » медалыр. **33**. ... лъакъуэрэ джэд лъакъуэрэ зыубыда щыIэ? **35**. Апхуэдэ транспорткIэ укIуэфынущ Америкэм е Японием. **38**. Пасэрей Iэщэ зэрыпыджэ. **42**. Гъатхэ ...-сэныр и чэзум зэфIагъэкIащ. **43**. Уэс зэратхъу. **44**. ... зытеха къэбыр нэхъ IэфI мэхъу. **45**. Iэщым и кIуэцIфэцIым къыхэщIыкIа шхыныгъуэ.



***Къехыу:*** **2**. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ жылэм дэкIауэ мэзым е къурш щIыналъэм зыщызыгъэпщкIу цIыху. **3**. ХьэкъущыкъуЪ. **4**. Зиусхьэн лъэпкъ. **5**. УнафэщI къытхуагъэкIуам ... зэрына хузэрыхыркъым. **6**. Псы Iуфэхэр зи псэупIэ, бдзэжьейр зи шхыныгъуэ хьэкIэкхъуэкIэ, метр ныкъуэ хуэдиз и кIыхьагъыу. **7**. Зи пхъэр щабэ жыг лIэужьыгъуэ, Налшык и уэрамхэм щыкуэду. **10**. ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ цIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъэгъуа щIалэ. **14**. Къуалэбзу пщэ кIыхь, лъакъуэ псыгъуэ кIыхь. **15**. Бом къыщIэIукIащ шым и ... макъ. **18**. ХадэхэкI. **19**. Ингуш Республикэм и лIыщхьэ. **20**. Зи суд ящIэ цIыхум къыщхьэщыжыныр зи къалэн. **22**. ... мастэ е цы ... **23**. Языныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. **24**. Iэпслъэпс. **28**. Мэш хьэуазэ. **29**. ДжэдыкIэ ... е жыг ... **33**. Сэхуран купщIэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэ IэфI. **34**. Мэл зыхэвэ нэхърэ ... зыхэпкIэ. **36**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу композитор, ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху. **37**. Лажьэ зимыIэм пцIы теплъхьэмэ, ... къэпхьынущ. **39**. Пасэрей фоч. **40**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **41**. Шэ е псы зэрызэрахьэ кумбыгъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ЩIышылэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Пкъынэ. **5**. Жьыбгъэ. **8**. Пшэ. **10**. Сэмб. **11**. Ясир. **12**. Хур. **13**. ХущIэ. **15**. Гъупщ. **17**. Чы. **18**. Быф. **19**. Пшапэ. **21**. ЩIагъ. **24**. Магъ. **25**. Iушэ. **26**. МэкI. **29**. ХъэтI. **30**. Хьэмыку. **32**. Жьым. **33**. Щы. **34**. Къута. **36**. Бэдж. **37**. Хьэ. **40**. Блэр. **41**. Ябгэ. **42**. Абэ. **43**. Фызыжь. **44**. КIэрэф.

***Къехыу:*** **1**. ХьэпащIэ. **2**. Бжьэдыгъу. **4**. Къамэ. **6**. Гъасэ. **7**. Псыхуабэ. **9**. Къуршыбгъэ. **14**. ЩIэп. **16**. Пхъэ. **20**. Ахъшэм. **22**. Гугъэ. **23**. Умэ. **27**. Пхъэщабэ. **28**. ХъумпIэцIэдж. **30**. Хьет. **31**. Кугъуэ. **35**. Аргуажьэ. **36**. БажэкIэ. **38**. Хьэсы. **39**. Губгъуэ.

● Къуажэхьхэр

### Зи кум хъуаскIэ щызелъатэ

**Шхыныгъуэм хэкIуадэ,**
**Зи IэфIыр мыкIуэд.**

* * *

**ГъэшхэкIым къыхах,**
**Бжей чеижьым ибзахэ,**
**Кърахыжмэ, гъуэмылэ.**

* * *

**Зи кум хъуаскIэ**
**щызелъатэ,**
**Зи щхьэм хуабэ**
**телъэтыкI.**

* * *

**Тафэ фэзэхъуэкI,**
**Гъавэ бэву къыщагъэкI.**

* * *

**Жыг къудамэм кIэрапхэ,**
**КIэрыпхауэ зелъатэ.**

* * *

**Гъэшым и курых,**
**Шащхьэм къытрах.**

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

ЖЭУАПХЭР:

*Хьэсэ. Хьыринэ. Шатэ. Фошыгъу. Къуей. Хьэку.*

● Псалъэжьхэр

### Гум илъыр фэм къеIуатэ

**♦Анэм и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ.**
**♦Бзур зыIэтыр и дамэщ, цIыхур зыIэтыри акъылщ.**
**♦БлэбгъэкIым улъэщIыхьэжыркъым.**
**♦Гугъуехь зымылъэгъуам тыншыгъуэ ищIэркъым.**
**♦Гум илъыр фэм къеIуатэ.**
**♦ГуфIэгъуэри гуIэгъуэри зэпыщIащ.**
**♦ГъащIэ зиIэм уахътыи иIэщ.**
**♦Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и бгъуагъщ.**
**♦Дахэу ябз дахэу ядыжыркъым.**

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу* Дыщэкl Соня, Джатокъуэ Залинэ, *редакторхэу* НафIэдз Мухьэмэд, Хьэжыкъарэ Алик, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ, Афэ Тамарэ, ПхытIыкI Азэмэт, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.670 ● Заказ №107